2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-р зыгъэпсэхугъуэ махуэу гъэувыным и Іуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ и Указ

НэщІикІыж хьидым ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и МусЛъымэнэм я дин Іуэхущ1апІэм къыхилъхьам ипкъ иткІэ я **унафэ сощ1**:

1. 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-р зыгъэпсэхугъуэ махуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэувын.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м
№79-УГ

КъБР-м и Къэрал лъэпкъ библиотекэр, Мэлбахъуэ Т. Къу. и цІэр зезыхьэр, илъэс 95-рэ зэрырикъум теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. и хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Си гуапэу сынывохъуэхъу КъБР-м и Къэрал лъэпкъ библиотекэр, Мэлбахъуэ Т. Къу. и цІэр зезыхьэр, къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 95-рэ зэрырикъумкІэ.

1921 гъэм лэжьэн щІэзыдзэ а Іуэхущ1апІэр республикэм псоми я дежкІэ зэІуха и яп щІэныгъэ центр хъуауэ. Абы и тхыдэ хьэлэмэтым Іуэху гъэщІэгъэунэхэр, унэцІэ гъуэзэджхэр, зи Іэщ1агъэм зэфІэкІ нэсрэ жэрдэмышхуэрэ яхэлъу ирилажьа Іэщ1агъэлI куэдым я цІэхэр къыхоу.

БлэкІа илъэсхэми хуэдэу, библиотекэри нобэ хуэпэжщ езым къыбгъэдэхуэ къалэнышхуэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм я мызакъуэу, дуней псом и литературэм и хьуГъуэфІыгъуэхэр хьумэным, джыным, щэнхабзэм и фІыгъуэ нэхъ льагэ дыдэхэр хэлъущІыну щыным.

Библиотекэм иІэ апхуэдэ ехъулІэныгъэхэм я къежьапІэр абы щылажьэхэм я егугъуныгъэмрэ ахэр я Іэщ1агъэм зэрыхуэІэзэмрэщ.

Си гуапэу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, ефІэкІуэныгъэ фиІэну, фІыщІэ ин зыпытI фи лэжьыгъэм ехъулІэныгъэщІэхэр къыщыфхьыну.

● Къэрал къулыкъущ1апІэхэм

Унафэщ1ыр къащотхъу

Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и правленэм и Унафэщ1 Дроздов Антон, КъБР-м и Правительствэм и Іэтащхьэ Мусуков Алий щ1ыгъуу, щ1ыщ1 ПФР-м КъБР-м щ1Іэ къудамэм икІи абы и лэжьакІуэхэм я Іуэху зыІутыр зригъэщ1ащ.

УФ-м и Пенсэ фондым КъБР-м щ1Іэ къудамэм и унафэщІ Бакъ Николай зэІуцІэр къыщІэІуихри, къахуеблэгъа хьэщІэ ІэпІэсым фІыщІэ хуищІащ. Ар кІэщІу къытеувыІащ я лэжьыгъэм. КъыхигъэщхьэхукІащ Іуэхущ1апІэм и кІарур цІыхухэр къазэрыщІигурЬ Іуэхутхьэбзэхэр тэмэму зэфІэхьным зэрыхуэунэтІар. Мы Іуэхущ1апІэм къепхащ цІыху мин 237-рэ щІигъу.

- Нэгъаби хуэдэу, мы гъэми дэ зы ныкъуСаныгъи къэдгъэхъуакъым пенсэхэмрэ пособиехэмрэ и чэзум яІэрыдгъэхьэным и лъэныкъуэкІэ. Дэ Іуэху куэд дгъэтэмэщ, дыздыНэсам дыкъыщыувыІэныр ди мурадкъым, - жиІащ абы.

Дроздов Антон Бакъ Николай фІыщІэ хуищІри, жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр иджырей Іэмалхэр къыщагъэсэбэп щІынапІэхэм зэращыщыр. Къыхигъэщащ электрон ІэмэпсымэхэмкІэ зэфІэбгъэкІ хъуну Іуэхухэм щхьэкІэ цІыхухэр Пенсэ фондым къэмыкІуэмэ зэрынэхъыфыр: псори тыншу пхуэзфІэхьынущ, сайтыр е МФЦ-р къэбгъэсэбэпу. Дроздов апхуэдэу и гуапэ хъуащ бюджет организацІэхэм Пенсэ фондым ирагъэхьын хуей страховой ахъшэмкІэ щІыхуэ зытемыльэ щІынапІэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэращыщыр, адэкІи абы тетын зэрыхуейр къыхигъэщащ.

Къулыкъущ1эр тепсэлъыхьащ дыззэрыт илъэсым гулъытэ нэхъ зыхуэщІынхъэ хъалэнхэми. Абыхэм ящыщщ анэ мылъкур къыззрагъэсэбэныну щІыкІэм цІыхухэр щІигъаззэ зэращІыр ягъэлъэщынкІэ. ЩІэ куэд къожьэ. Мы гъэм сом мин 25-м нэсащ анэ мылъкум щІыщу зэуэ къыхахыфІр. Ар къеІыэзыхьынухэм ПФР-м и щІыналъэ къудамэхэм лъэІу тхылъхэр щІалъхьэн хуейщ щэкІуэгъуэм и 30-м нэхъ мынэхъ кІасэу икІи ахьшэр дызыхьыхьэну илъэсым щІышыІэм и 1-м нэсыку къаІэрыхьэнущ.

Дроздов Антон къыхигъэщащ анэм и ахьшэр сабий ныкъуздыкъуэхэм я узыншагъэр зэтегъэуэвэжьным иджы тебгъэкІуадэ зэрыхьунур икІи цІыхухэр абы щыгъуазэ щІын зэрыхуейр. УФ-м и ПФР-м и Унафэщ1ым жиІащ мы гъэм зыщІхьэІум и 1-м зэрыхэпльэжьынур лажьэ пенсионерхэм я пенсэм, абы щ1ыгъунукъым, атІэ зэрыщІыту къэнэжьынущ.

Мусуков Алий Дроздов Антон фІыщІэ хуищІащ лъахэм къызэрыкІуамкІэ, къыхигъэщащ абы ПФР-м КъБР-м щІэ къудамэм и мызакъуэу, республикэ псом дежкІэ мыхьэнэзыуэ иІэу зэрыщытыр. Ар икІи гъэщІегъуэнкъым: Пенсэ фондыр Урысей Федерацэм псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ уВыпІэшхуэ щызиІэ Іэнатіэщ. Правительствэм и Унафэщ1ым Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яууиІащ я пщэ дэль къалэнхэм хъарзынэу зэрехьулІэм къыхэкІыу икІи дыщІигъужащ фондым хуэгъэзауэ зы тхъэусыхапи зэи зэрыІэрымыкъар.

ЗэІущІэм хэтхэм псалъэ гуапэхэр жраІащ КъБР-м и пенсионерхэм я зегугъэныгъэм и унафэщІ Тхьэзэпльыкъ Муратрэ республикэм Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ1кІэ Зэщ1эузэда Къарухэм, хабзэхъуМэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я советым и Іэтащхьэ Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэдрэ.

ЗэІущІэм кърихьэлІахэм Іэмал яІащ ПФР-м и Унафэщ1ымрэ республикэм и Правительствэм и Тхьэмадзэмрэ упщІэхэмкІэ зыхуагъэзэну.

ЗэІущІэр Іуэху гуапэкІэ иухащ. УФ-м и Пенсэ фондым КъБР-м щІиІэ къудамэм и лэжьакІуэ пажэхэм иратащ ПФР-м, КъБР-м и Правительствэм я фІыщІэ, щІыхь тхьІтхэр.

ИужькІэ Дроздов Антон рэ Мусуков Алийрэ прессэм и лэжьакІуэхэм епсэльащ, абыхэм жэуап иратащ упщІэ куэдым.

УАРДЭ Жансурэт.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУэГъУэ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДэРэ КъЫДОКІ

№126 (23.284) ● 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 2, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым

ФІыщІэ зыхуащІахэр

Хабзэ дахэ хъуауэ, КъБР-м и Парламентым и гъатхэ лэжьгъуэр зэрихьым теухуа зэІущІэм республикэм и цІыху гуащІафІэхэм ЩІыхь тхылъхэр щрат. Апхуэдэу иджыблагъэ абы цІыху 60-м щІигъу щагъэлъэпІащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ** зэІущІэр къыщызэІуихым къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым уэзрыгушхуэ хъуну цІыху куэд зэрыщыпсэур, абыхэм я ехъулІэныгъэхэм зэрырипагэр. «Къэбэрдей-Балъкъэр щІынапІэми къэралми я зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІ цІыхухэр ди мащІэкъым. Сэ сызэрелІыкІкІэ, лэжьыгъэм гурэ псэкІэ бгъэдэтырщ зэфІэкІ къззыгъэлъэгъуэфри. Си фІэщ мэхъу нобэ мы пэшым къекІуэлІа дэтхэнэри щІынапІэр ефІэкІуэным псэемыблэжу зэрытелажьэр. Дэ псори зэгъунэгъу дызыщІыр зыщ - ар дызыщІыпсэу республикэм сэбэп дыхуэхъуну дызэрыхуэщІэкъурщ. Псори дыщІигъуазэщ сыт хуэдэ ехъулІэныгъэми лэжьыгъэшхуэ ехьэлІэн зэрыхуейм. Фэ фи гуащІэм пщІэ пылъ къудейкъым, атІэ ди щІалэгъуалэми ар щапхъэ яхуохъу. Узыншагъэ фиІэу адэкІи фи Іуэхухэм пыфщ1ну сынывохъуэхъу», - жиІащ Егоровэм.

УФ-м и парламентаризмэм зегъэужьынымрэ жылагъуэ-политикэ гъащІэр егъэфІэкІуэнымрэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІам папщІэ, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и ФІыщІэ тхылъыр хуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентым и езанэ, етІуанэ, ещанэ зэхуэсхэм Унафэщ1ым и къуэдзэу щыта, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщ1ым и къуэдзэ **Федченкэ Людмилэ**. Абы псалъэ щратым къыхигъэщащ цІыхум илэжьар зэман гуэр дэкІа нэужьи ящымыгъупщэмэ, абы ищІар псыхэкІуадэ зэрымыхъуам ар зэрищыхьэтыр икІи езым гулъытэ къыхуащІар и гуапэ дыдэ зэрыхъуар.

Жылагъуэ Іэхуэхэм джэджэру зэрыхэлажьэхьым рэ лъэпкъ зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІымрэ къалъытэрэ, КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр иратащ УФ-м щІыхь зиІэ и юрист, юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Кебеков Мурадин**. Абы жиІащ къыщалъхуа щІыпІэм апхуэдэ пщІэ къыщыхуащІыныр псом нэхърэ зэрынэхъ лъапІэр.

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрыражьэм папщІэ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр иратащ республикэм и прокуратурэм и къудамэм и унафэщІ, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжь **Мэсей Аскэр**.

Апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ гъащІэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэным, къэрал Іуэхухэр зегъэкІуэным, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми хэлъхьэныгъэ хуэзыщІ лэжьакІуэ пажэхэм КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъхэр абы и Унафэщ1ым и ФІыщІэ тхылъхэр иратащ. Абыхэм ящыщщ КъБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министрым и къуэдзэ **Кхъуэлуфэ Аслъэн**, Май районым и сымаджещым и дохутыр нэхъыщ1ым и къуэдзэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Савченкэ Наталье**, УФ-м спортымкІэ и мастер, урысей бэнакІуэ цІэрыІуэ **Туменов Альберт**, СССР-м спортымкІэ и мастер **Алий Сулеймэн** сымэ.

Егоровэ Татьянэрэ Мэсей Аскэррэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и ФІыщІэ тхылъыр иратащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм я фэеплъыр хъумэныкІэ лэжьыгъэ купщІафІэ езыгъэкІуэкІа, КъБКъУ-м Экономикэмрэ хъыбарегъащІэ технологиехэмкІэ и колледжым щеджэ **Бэрбэч Дианэ**.

Ди гуапэ зэрыхъунщи, ягъэлъэпІахэм ящыщщ журналистикэм илъэс куэд хъуауэ ехьулІэныгъэхэр къыщызыгъэлъэгъуэ **Тикаевэ ФатІимэ** («Заман» газетым и къудамэм и редактор), **Белгъэрокъуэ Марьянэ** («Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондент), **Дол Марьянэ** («Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканалым и «ХьыбарыщІэхэр» программэр езыгъэкІуэкІ), **Соколов Игорь** («Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканалым и видеооператор), **Моттаевэ Светланэ** («Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондент) сымэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

КъБР-м и Парламентым 2016 гъэм и гъатхэ сессиер щызэхуищІыжа зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

Гъатхэ лэжьэгъуэр яух

ПСОМ ягъэ яубзыхуащ КъБР-м и Парламентым и комитетхэм щІэуэ хагъэхьэхэр. БюджетымкІэ, налогхэмрэ инвестицэхэмкІэ комитетым хагъэхьащ КъБР-м и Парламентым и депутат Мэремыкъуэ Сэфарбий, ПромышленностымкІэ, транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу ІэнатІэмкІэ комитетым - Мэшыкъуэ Барэсбий, ЭкономикэмкІэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт ІуэхухэмкІэ комитетым - Хьутат Хьэсэн. **Егоровэ Татьянэ** абыхэм ехъуэхъуащ депутат къалэнхэр гъэзэщІэным яужь зэрихьэмкІэ.

КъБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщныкІэ социальнэ дэІэпІыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** утыку кърихьащ «КъБР-м административнэ хабзэхэр къызэрызэпаудым теухуа и Кодексым и 3.6-1 Іыхьэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн» Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хабзэм и проектыр. Министрым ыкъыригъэщащ законопроектым халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр «Лажьыгъэ хуэхъакъуэ ЩІыкъу зыкъуэхэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщын папщІэ квотэхэр къыдэхьныным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хабзэм тету зэрауфыхуар. Абы къеГъуэф балигъ ныбжьым нэмыса, лэжьэну хуей ныбжьыщІэхэр ІэнатІэкІэ къызэрагъэпэщын хуейуэ. КъБР-м и Хабзэм и 3-нэ Іыхьэм къызэрыщІэгъэльагъуамкІэ, Іэнатіэ етын хуейуэ квотэ зыхухаахэм хеубыдэ илъэс 14 - 18 хъуэхэмрэ (абыхэм яхэтщ сабий унэхэм щапІахэр, зеиншэхэр, зи адэ-анэ зыщ1ыщ1ымытыжхэр) нык1уэдыкъуэхэмрэ. Къыхэгъэщыпхъэщ абыхэм ехьэлІауэ къалэнхэр зымыгъэзащІэм жуап зэрихьыну щІыкІэр КъБР-м Административнэ хабзэхэр къызэрызэпаудым теухуа и Кодексым иджыри къэс зэрыхэмытар. Депутатхэм зэдзэарэзыуэ зэрагъэзэхуэжащ а щІыщІэныгъэр.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым фэтэр куэду зэхэт и унэхэр зыхуей хуэгъэзэнэр къызэрызэрагъэпэщым теухуауэ» КъБР-м и хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн» Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэм и проектыр еджэгъуэ етІуанэу ещащ. КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ Іэнатіэмкіэ и министр **Тутыкъуэ Анзор** жиІащ щІыналъэ операторым деж псоми зэхэлъу ягъакІуэ ахъшэм къытекІыу унэ къэс щхьэж иІэжыну счёт хэхам зэрытехьэну пІалъэр зэрагъэкІэщІар, илъэсиТІыр мазищым зэрыхуагъэкІуар. Апхуэдэуи законопроектымкІэ нэхъыбэ ящІащ унэхэр щІызэрагъэзэхуэжкІэ зэфІахын хуей лэжьыгъэхэр.

«Щ1елэжькІэ, къыщагъэсэбэнкІэ къэхъу кІэрыхубжьэрыухэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хабзэм хэлъхьэн хуей зэхъуэкІыныгъэхэм ехьэлІауэ» КъБР-м и Законым и проектым депутатхэр хэпІа нэужь, еджэгъуэ етІуанэу ар къащтащ.

КъБР-м и Парламентым Регламентымкіэ, депутат этикэмрэ лэжьыгъэр зэпэщынымкІэ и комитетым къигъэлъэгъуащ 2016 гъэм КъБР-м и Парламентыр бжьыхьэ сессием зэрылэжьэну щІыкІэр.

ЗэІущІэм Правительствэм хухиха сыхьэтым щытепсэльыхьащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэ самоуправлением и органхэм я депутатхэмрэ я хэхьныгъэр зэрекІуэкІынум зэрызыхуагъэхьэзырым. Абы теухуауэ къэпсэльащ КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ **Джэш Вячеслав**. УнафэщІым зэрыжиІэмкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым зы мандат зиІэ къупІэ округ №14-р щІылэжьэнущ, абы щатхащ хэхакІуэ 532769-рэ. Республикэм хэхыпІи 122-рэ къыщІэзрагъэпэщынущ. Абы щыщІу 112-р - къуажэхэм, 7-р - къалэхэм пэгъунэгъу жылэхэм, 3-р къалэ округхэм щІэнущ. ІэІэтхэр егъэкІуэкІыныкІэ бжьыгъэхэр къызэщІэкъуэжьынымрэ къызэзыгъэпэщыну хэхакІуэ комиссэу 354-рэ лэжьэнущ. Абы хэтщ цІыху мини 3-м нэблагъэ.

Джэш Вячеслав къыхигъэщащ хэхыныгъэхэм зэрызыхуэгъэхьэзырыпхъэм теухуауэ КъБР-м и Парламентым 2014 - 2015 гъэхэм республикэ закону 7 къызэрищтар, хэхакІуэ комиссэхэм я лэжьыгъэхэр наІуэу щытын папщІэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щІыхуэр здэпсалъэ хуну «горячая линия» къызэрыщызэІуахар.

Егоровэ Татьянэ зэІущІэр щызэхуищІыжьым депутатхэм фІыщІэ яхуищІащ лэжьыгъэ купщІафІэ зэрахуэзэфІэкІам папщІэ. «Гъатхэ сессием нормативно-правовой акту 43-рэ ящтщтащ. Абы щыщу 41-р законщ. УФ-м и Къэрал Думэм ди хабзэ жэрдэму 4 едгъэхьащ, ди гуапэ зэрыхъунщи, зым Федеральнэ Хабзэм и къару иГуэтащ. ТхуэзэфІэкІар мащІэкъым, псом хэмыдзу ди гупытэр ялъэІэсащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэмрэ гугъуэхь хэкуа сабийхэмрэ. ФІыщІэ фхузощІ икІи си гуапэщ зыбгъэхьэзырауэ бжьыхьэ сессиер къызэІутхьыжыну», - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зригъэубгъунущ ядернэ къэхутэныгъэхэмкІэ институтым зэрыдэлажьэм

Республикэм и премьер-министр **Мусуков Алий** Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щахуэзащ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием ядернэ къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и унафэщІ **Кравчук Леонид**, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием ядернэ физикэмкІэ и секцэм и унафэщІ **Рубаков Валерий**, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и член-корреспондент **Гаврилин Владимир**, Бахъсэн нейтринно обсерваторэм и унафэщІ **Кузьминов Валерий** сымэ.

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ иджырей къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІыныкІэ зэрызэдэлэжьэнум, иджырей проект щхьэхуэхэр Бахъсэн нейтринно обсерваторэм щыгъэзэщІэным пыщІа Іуэхухэм.

ЗэІущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор **Альтуд Юрий**.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Іуащхьэмахуэ» урысейпсо комплексым зэрызыужьыну щІыкІэр къащтэ

Дыгъуасэ Налшык къалэм щызэхуэзащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков А. ТІ., УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхугъэмкіэ и министрым и къуэдзэ Резников А. М. сымэ.

АХЭР зэщІыгъуу хэпльащ проект пэрытхэм хагъэхьа «Іуащхьэмахуэ» урысейпсо турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыным, туризмэм и Іэнатіэм инвестицэхэр къыхуэзщІэгъэуІуэным пыщІа Іуэхухэм.

ЗэІущІэм къыщащтащ курортым, абы къедза щІынапІэхэр зэІэтэныкІэ, Іэнатіэм и зэфІэкІым хэгъэхьэныкІэ, Іуащхьэмахуэ ІпапІэ и архитектурэ щытыкІэр зы мардэм игъэувэныкІэ, бгы лыжжэкІэ къыщажьхь гъуэгущІэхэр щІыныкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я планыр.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ **Дадэ М. А.**, «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор **Горчев О. С.**, «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм эксперт-аналитикэ лэжьыгъэмкІэ и департаментым и унафэщІ **Тымыжь Хь. Хь.** сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Италием къикІа лІыкІуэхэр Бахъсэн районым щагъэхьэщІэ

Италием къикІа хьэщІэхэу Италие Республикэм щІыхь зиІэ и генеральнэ консулу Ипщэ федеральнэ округымрэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округымрэ щІыІэ Лодиджиани Пьерпаолэ зи пашэхэр КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Говоров Сергей ящІыгъуу Бахъсэн районым щыІащ. Ахэр еплъащ Италием щызэхалъха технологиехэр къагъэсэбэнурэ мы щІынапІэм жыг хадзэр, хадзэкІэр зэрыщагъэкІым.

Бахъсэн район администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн хьэщІэхэр ІэнатІэ щхьэхуэхэм иригъэплъащ икІи пхъэщхьэмыщхьэр иджырей технологиехэр къагъэсэбэнурэ зэрахъуэмэм, пластикым къыхэщІыкІа ашычэр зэращыкІ еплъащ.

«Ди республикэм щыпсэухэр инновацІ технологиехэм хуэІэкІуэлъакІуэ хъуащи, ди деж зыщагъэсэну ныщІэкІуэн щыІэжкым, апхуэдэ мурадкІэ дэрауэ къыщІэкІынщ нэхъыбэрэ фи деж щыхьэщІэнур», - жиІащ Италием и лІыкІуэ Іуэхущ1апІэу Москва щыІэм сату-экономкэ Іуэхугъэмкіэ и ІэнатІэм и Іэтащхьэ Фонтанэ Никколэ.

АБАЗЭ Лерэ,
Бахъсэн район администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

КъБР-м и лIыкIуэхэр «Урысей зэкъуэт» партым и XV съездым и етIуанэ Iыхьэм хэтащ

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и делегатхэр хэтащ Москва щекIуэкIа XV съездым и етIуанэ Iыхьэм. Абы къыщащтащ Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Урысей зэкъуэтым» къыхилъхьэну спискэр, апхуэдэу хэхыныгъэхэм и пэ къихуэу партым и программэр.

КъБР-м и делегацэм хэту Москва щыIащ «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм и секретарь, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Бозий Натбий, «Урысей зэкъуэтым» и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыIэм и унафэщI Афэщлагъуэ Михаил, «Урысей зэкъуэтым» и щIыналъэ гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Парафилов Дмитрий, партым и щIыналъэ жылагъуэ екIуэлIанIэм и унафэщI Алэкъей Арсен, «Урысей зэкъуэтым» и пэублэ Iэ-Iэтым хэтахэр, партым и пащIэдзэ организацэхэм я секретархэр.

Пленар зэIущIэм кърикъолIащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир, партым и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий сымэ. Ди республикэм икIахэм ящыщу а зэIущIэм щIэсащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ, партым и щIыналъэ политическэм и президиумым хэтхэр, Правительствэм и лэжьакIуэхэр, «Урысей зэкъуэтым» и фракцэу республикэм и Парламентым щыIэм щыщхэр, апхуэдэу пэублэ Iэ-Iэтым хэтахэр.

Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ спискэм иратахэхэм хагъэхьащ КIуэкIуэ Юрий Александр и къуэр, Геккиев Заур Далхат и къуэр, Марьяш Иринэ Евгений и пхъур, Кьардэн Мурат Наусбий и къуэр.

Зы мандаткIэ щыхах Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпIэ округ №14-м щыхахын папщIэ Къэрал Думэм и депутатхэм я кандидату съездым кьыщащтащ «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ зэхуаку ззэыгъэуIу советым и унафэщI, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ хэхыгъуэм и депутат ЩхьэгуэшI Адэлбий Лул и къуэр.

ПЕЧЁНОВ Владилен.

ЩэкIуэгъуэм и 30-м фIэкI хъунукъым

Сабий етIуанэ, абы къыкIэлъыкIуэ сабий зэрагъуэтам папщIэ хуатха ахъшэм щыщу сом мин 25-рэ къеIызыхьну анэхэм къалэн куэд зыгъэзащIэ центрым зыхуагъазэ хъунущ

КъБР-м къалэн куэд зыгъэзащIэ и центрым 2016 гъэм мэкъуаугъэм и 1-м щIидзэжауэ анэхэм къаIех сом мин 25-рэ хухахыну зэрыщIэлъэIум теухуа тхьилъхэр. Зэрыльгъуу апхуэдизу ахъшэр кьыIахыну щIэлъэIу хъунущ етIуанэ, абы къыкIэлъыкIуэ сабийр 2016 гъэм фокIадэм и 30-м нэсыху кьриубыдэ зэманым зыгъуэтахэр, а сабийр къызэралъхуэ блэкIа зэманыр зыхуэдизым емылъытауэ. Ахъшэр 2016 гъэм кьриубыдэу кьыIах хъунущ, ауэ абы папщIэ зыхуэфащэ документхэр 2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м фIэмыкIыу иратын хуейщ. Документхэм хеубыдэ:

1. Сертификатыр зи цIэкIэ тхам и паспортыр;
2. Анэм ахъшэ зэрыхуатхамкIэ сертификатыр;
3. СНИЛС-р;
4. ХъумапIэ банкым и тхылъыр е счётым и реквизитхэр

Мы Iэхуэтхьэбзэр къызэрагъащIэм нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыщыфщI хъунущ КъБР-м къалэн куэд зыгъэзащIэ и центрым е **8-800-100-32-82** телефонымкIэ.

КIЭНЦIАЛИЙ Элинэ.

● Электросетхэр

Токыр зэпымыууэ яIэрыхьэн папщIэ

Налшык хуабащэ зэрыщыхъуам къыхэкIыу, токыу къагъэсэбэпым зэуэ хэхьуэу. Ар къалъытэу, къалэм ремонт лэжьыгъэхэр зэуIуу щезыгъэкIуэжI энергетикэмкI щыпIэхэм псынщIэу ялъэIэс гупхэми сыт хуэдэ къэхъукъащIэми зэрыпэщIэтынум еужьэрэкIыу зыхуагъэхьэзыр.

«КъЭББАЛЪКЪКОММУНЭНЕРГО» МУП-м и унафэщI Мамыщ Арсен зэрыжиIамкIэ, кондиционерхэр къызэрагъэсэбэпым къыхэкIыу, электросетхэм я зэфIэкIым мы махуэхэм куэдкIэ хэхъуауэ, сату-ресторан Iэнатlэхэм щыIалъэ Iэмэпсымэхэр я лъэщагъ псомкIи щолажьэ.

Къызэрыплъыщам и зэранкIэ, Долинск и санаторэ-курорт псэуалъэхэр, Къэбэрдей, Искож хьэблэхэр токкIэ къызэзыгъэпэщ 455-нэ подстанцыр къэувыIащ. Сыхьэт ныкъуэм кьриубыдэу нэгъуэщI линэм падзэри, токыр иратыжащ. Ар зэпымыун папщIэ, Налшык и электрохозяйствэм и щIыпIэ нэхъ мащэхэр диагностикэ ящIынущ.

ГЪУКIАКЪУЭ Инал.

● Жармыкlэ

Газетым и юбилейм траухуэ

«Кабардино-Балкарская правда» газетыр илъэс 95-рэ щрикъум ирихьалIэу ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм жармыкIэ щрагъэкIуэкIащ «Твори ярко» къалэ клубым екIуалIэ IэпщIэлъапщIэхэр хэту.

ГАЗЕТЫМ и лэжьакIуэхэмрэ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм и администрацэмрэ къызэрагъэпэща Iэхэу дахэм щIыхь 50-м нэблагъэм я лэжьыгъэ утыку кьыщрахьащ. Щыгъэ бла, гуащэ, бзылъхугъэм зэрызигъэдахэ хьэпшып, унэр зэрагъэщIэращIэ, сабын, нэгъуэщI куэдми ущрихьлIэнут абы.

«Кабардино-Балкарская правда» газетыр зэрыхьу илъэс бжыгъэм хуэдиз сабий пщIэншэу хъыринэхэм ирагъэсащ. Абы къыдэкIуэу редакцэм и къекIуэкIыкIам теухуа хъыбар кIэщIхэр жыг хадэм радиокIэ къыщатыт.

КЪАНДУР Iэдэм.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гъэлъэгъуэныгъэ

«Уэшхым и щIэблэ»

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм «Уэшхым и щIэблэ» фIэщыгъэм щIэт гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэIуахащ. КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и центрым и лэжьакIуэхэмрэ сурэттех цIэрыIуэ Боташев Расулрэ къызэрагъэпэща выставкэр аутизм зиIэ сабийхэм яхуэгъэпсат.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭР къыщызэIуахым хэтащ КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт**, абы и къуэдзэ **Ацкъан Ратмир**, Налшык къалэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и центрым и унафэщI **Канунниковэ Татьянэ**, чристэн члисэхэм я благочиннэ **Бобылёв Валентин**, КъБР-м ис мусЛъымэнхэм я Iэухущ Iапэм и унафэщым и къуэдзэ **Амщыкъуэ Анжелэ** сымэ.

- Сэ гъэщIэгъэн сщыхъыщ цIыкIухэм я Iэдакъэщ Iэкl сурэт телъыджэхэр. Гъэлъэгъуэныгъэм къекIуэлIа дэтхэнэми ди нэгу щокI цIыкIухэм зэфIэкI телъыджэхэр зэраIэр. Адэкlи я Iэзагъэм зрагъэужьыну сохъуэхъу. Си фIэщ мэхъу абыхэм я мурадыр къаэзрехъулIэнур, - жиIащ Тюбеев Альберт.

КъБКъУ-м и спорт клубым и унафэщI Къуныжь Рустамрэ Медицинэ колледжым и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и волонтёрхэмрэ аутизм кьызэуз сабий зиIэ унагъуэхэм Iуащхьэмахуэ лъапэ зыплъыхьакIуэ зэрашэнумкIэ сертификат иратащ.

Москва къалэм щыIэ «Созидание» жылагъуэ зэгухьэныгъэм сабийхэр саугъэтхэмкIэ игъэгуфIащ, Iэфыкlэ Iэни къахуигъэуващ, «Эристофф» реораным ныбжьыщIэхэм тортышхуэ къахуригъэшащ.

Сабийхэм фIыуэ ильагъу таурыкъэм хэт лIыхъжьхэм я фащэкIэ хуэпауэ Музыкэ театрым и лэжьакIуэхэм ягъэзэщIа уэрэд, къафэ нэжэгужэхэм цIыкIухэм я гукъыдэжьыр къиIэтащ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гулъытэ

Бжэ зэIухахэм я махуэ

Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ къулыкъум и Iуэхущ Iапэ Iэу КъБР-м щыIэм и колоние №3-м щаIыгъэхэмрэ абыхэм я Iыхьлъхэмрэ папщIэ «Бжэ зэIухам и махуэ» щрагъэкIуэкIащ. Пэжщ, губгъэн зыхуэзымыгъэщ гутнакъэрщ апхуэдэ Iэмал зиIар. Тутнакъэщым исхэм яхуэзэну а махуэм къэкIуат абыхэм я Iыхьлы цIыху 15.

УРЫСЕЙ ФСИН-м и Iэхуэщ Iапэ Iэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Къанкъул Аслъэн абыхэм фIыщIэ яхуищащ тезырыр зыпшыныж я Iыхьлыхэм зэрызыщIагъакъуэм папщIэ. «Ахэр зыщIэгупсысыкIыжьнымкIэ, унагъуэми жылагъуэми хэзэгъэжьнымкIэ сэбэнщ фи гулъытэр», - къыхигъэщащ абы.

Мы зэIущIэм Iэщ Iагъэ зэмылIэужьыгъуэу 9-м зэрыхуеджам и дипломхэр щратыжащ ИК №3-м тезырхэр щызыпшыныжхэм.

- Си гуапэу къыхэзгъэщынут тутнакъэм мыбы зэрыщыIэну зэманыр щIэупщIэ зиIэ Iэщ Iагъэ зрагъэгъуэтыным теухуауэ къызэрагъэсэбэпыр. Лъэхъуэщым Iэщ Iагъэ щызэзыгъэгъуэтхэр жылагъуэм зыльэжьнуц фIым щыгугъуэу, гъащIэм зэрыхэзгъэжьным хухьэзыру, - жиIащ УФСИН-м и еджапIэ №214-м и унафэщI Хъуэст Леонид.

Диплом зратыжахэм екъуэхъуауэ ИК №3-м и унафэщIым и къуэдзэ Иуаз Аскэри. Ар къеджащ Iэщ Iагъэ зэгъэгъуэтыным, лэжьыгъэм хьэлэлу бгъэдэтхэм гулъытэ яхуэщIыным теухуауэ щыIэ унафэм.

ЕкIуэкIа Iэхуэм и нэхъ гуапэ Iыхьэт концертыр. Iыхьлыхэм папщIэ тутнакъэм ягъэзэщIащ езыхэм я уэрэдхэр. Ахэр теухуат анэр фIыуэ зэральэгъум, ана гулъытэр зыхащIэным и мыхьэнэм.

АдэжкIэ хьэщIэхэм зыщагъэгъуэзащ тезырыр зыпшыныжхэм я щыIэкIэпсэукIэм. Iыхьлыхэм гуапэ ящыхъуащ пэшхэр зэрыкъабзэр.

ХьэщIэхэр щежьэжым Iэхуэщ Iапэ Iэм и унафэщIхэм фIыщIэ хуащIащ, къыщIэхуа я Iыхьлыхэм я псэукIэр я нэкIэ зрагъэльагъуну Iэмал зэрагъэтамкIэ, нэхъ псынщIэу хуит хъужьныжкIэ зыгъэгугъэ апхуэдэ Iэхуэ щхьэпэхэр щIэх-щIэхьыгъэ ирагъэкIуэкIмэ гуапэ зэращыхъунри жаIащ.

ЗЭБАР Мадинэ,
КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iэхуэщ Iапэ Iэм и лэжьакIуэ.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 2, *щэбэт*

♦Днепр псым и дунейпсо махуэщ
♦Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ
♦Спорт журналистым и дунейпсо махуэщ. 1924 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м къызэрагъэпэщащ спортым тетхыхь журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр.
♦Уфологым и дунейпсо махуэщ
♦Азербайджаным и полицэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ
♦1556 гъэм пащтыхь Грозный Иван Астрахань Урысей къэралыгъуэм хигъэхьащ икIи Астрахань хъаныгъуэр икъутэжащ.
♦1860 гъэм къызэрагъэпэщащ Владивосток кхъухь тедзапIэр. Иджыпсу ар УФ-м и Приморскэ крайм и къалащхьэщ.
♦1964 гъэм «Хъеббалъкъгаз» трестыр къызэрагъэпэщащ.
♦1975 гъэм Ростов - Владикавказ гъущI гъуэгум мафIэгъуэм щызекIуэу щIадзащ.
♦1976 гъэм Вьетнам Социалист Республикэр къызэрагъэпэщащ, Ищхьэрэ, Ипщэ Вьетнамхэр зэгуагъэхьэри. И къалащхьэ Сайгон и цIэр Хошимину зэрахъуэкIащ.
♦1990 гъэм къызэIуахащ КПСС-м и иужьрей, XXVIII, съездыр. Ар бадзэуэгъуэм и 13 пщIондэ екIуэкIащ.
♦Урысей усакIуэшхуэ Пушкин Александр и анэ **Пушкин (Ганнибал) Надеждэ** къызэралъхуэрэ илъэс 241-рэ ирокъу.
♦Iэрэджэс усакIуэ **Гъуэщокъуэ Хъусин** къызэралъхуэрэ илъэси 103-рэ ирокъу.
♦Уэрэджы IакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Гурцкая Дианэ** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ, уэшх къыщIэшхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 3, *тхьэмахуэ*

♦ГИБДД-м (ГАИ-м) и лэжьакIуэхэм я махуэщ. ЩIыхьэ комиссархэм я советым ищIа унафэм ипкъ иткIэ 1936 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м къызэрагъэпэщащ ГАИ-р.
♦Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу лъэпкъэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ
♦Беларусь Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ
♦1700 гъэм Константинополь щызэращIыла мамыригъэ зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, Iуэвэ (Азов) и Iэгуэблагъэхэри щIыгъуу (Таганрог, Павловск, Миус) Урысейм и щыналъэ хъуащ.
♦1841 гъэм инджылыз астроном Адамс Джон хэIущIыIу ищащ Нептун планетэр къызэригъуэтам теухуа хъыбар.
♦1885 гъэм Бенц Карл къигупсыса автомобилыр игъэунэхуащ, абы и зэфIэкIыр зыхуэдэри цIыхухэм яригъэлъэгъуащ. Иджы ар дуней псом щыщIэрыIуэ Мерседес-Бенц автомобиль лъэщыращ.
♦1916 гъэм Лондон щызэхэтащ «Титаник» кхъухьыр щыщIилъэфар зи зэраныр щызэхагъэкI судыр.
♦1928 гъэм дунейм щыяпэу США-м ящIэу щыщIадзащ япэ телевизорхэр. Зым доллар 75-рэ и уасэт.
♦1944 гъэм Минск къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.
♦1957 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр етIуанэу кхъуагъэфэщащ.
♦1991 гъэм РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къищтащ Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Горно-Алтай, Хакассие автоном областхэр Адыгэ Республикэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ, Алтай Республикэ, Хакасия Республикэ жиIэу зэхъуэкIыным теухуауэ.
♦1996 гъэм Ельцин Борис УФ-м и Президент къулыкъум етIуанэ пIалъэми тетыну хахьжащ.
♦США-м щыщ актёр, режиссёр, продюсер икIи сценарист Круз Том и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.
♦Актёр, УФ-м и щIыхьэ артист **Серебряков Александр** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщIэшхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 24-рэ, жэщым градус 16 - 19 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 4, *блыщхьэ*

♦США-м и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - я щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1776 гъэм Iэ градзащ США-р зыми и унафэ зэрыщIэмытыр щIэзыгъэбыдэ Декларацэм.
♦Латвием журтхэм щыкIалъыIэзэрахьа цIыхугъэншагъэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ. 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м Ригэ нэмыцэхэм щагъэсащ журтхэм я тхьэелъэIупIэхэр, абы екIуэлIахэри зэрыщIэсу.
♦1848 гъэм Маркс Карлрэ Энгельс Фридрихрэ я «Коммунист партым и манифест» лэжьыгъэр къыдэкIащ.
♦1946 гъэм Кёнигсберг къалэм и цIэр Калининград жиIэу зэрахъуэкIащ.
♦1957 гъэм цIыху къызэрырашэкI «Ил-18» кхъухьлъатэ лIэужьыгъуэр япэу уэгум ихьащ.
♦2007 гъэм Дунейпсо Олимп комитетым Гватемалэм щригъэкIуэкIа 119-нэ сессием унафэ къыщащтащ 2014 гъэм щIымахуэ Олимп джэгуэр Сочэ щегъэкIуэкIыным теухуауэ.
♦Британием щыщ геодезист, Индием и щIыналъэм и топографие сурэтыр зыщIа, Джомолунгмэ бгым и лъагагъыр япэу къэзыхута **Эверест Джордж** къызэралъхуэрэ илъэс 226-рэ ирокъу. Дунейм и къурш нэхъ лъагэ дыдэм абы и цIэр щIыфIащари а лэжьыгъэшхуэрщ.
♦СССР-м и щIыхьэ артист **Мкртчян Фрунзик** къызэралъхуэрэ илъэс 86-рэ ирокъу.
♦ЩIыхьэм я дзэпщ цIэрыIуэу щыта, Кавказ зауэм и лIыхъужь **Бэрзэдж Дэгумыкъуэ Хьэжы-Исмэхьил** къызэралъхуэрэ илъэс 250-рэ ирокъу.
♦Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къардэн Къэбард** къызэралъхуэрэ илъэс 96-рэ ирокъу.
♦Тележурналист **Жэман Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Дунейм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпион **Бажэ Заудин** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщIэшхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 25-рэ, жэщым градус 15 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКIэМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Iуэхутхьэбзэри щIыхуэщ.

● Прохладнэ щIыналъэ

Дерс щхьэпэ

Прохладнэ щIыналъэм щрагъэкIуэкI гъэмахуэ мазэхэм гуэлхэм щысакъын зэрыхуейм теухуа дерсхэр.

ЩIЫНАЛЪЭМ и кьегъэлакIуэ гупхэмрэ хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэмрэ хэту илъэс къэс ирагъэкIуэкI мы Iэхуэм хэтащ гъэмахуэ лагерхэм зыщызыгъэпсэху цIыкIухэри зи унэ исыжхэри.

КъегъэлакIуэхэм сабийхэм жраIащ есыкIэ умыщIэу, и кууукIэм ущымыгъаазэу псыми гуэлми сыхьэкIэ зэрымыхъунур, зыгъэ хъэхъумэ, псом япэу щIапхъэр.

Мы Iэхуэм хэта автоинспекторхэм сабийхэми балигъхэми ираташ «светоотражатель» жыхуаIэр. Ахэр кхахуэсэбэпынущ транспорт зекIуэнIэ щIыпIэхэмрэ гуэгъуэхэмрэ пшапэ зэхэуэгъуэу щызэпаупщIкIэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Унафэщl нэхъыфl Махуэ Амур

Май къалэ дэт часть №6-м щекIуэкIащ «КъБР-м МафIэсым пэщIэтыныжкIэ и къэрал къулыкъум и унафэщI нэхъыфI» зэпеуэ.

IЫХЬИПЛIУ гуэшауэ екIуэкIа зэпеуэм хэтащ республикэм и ГПС-м мафIэсым зыщыхьумэныжкIэ и Iэнатlэхэм я къэрэгъулхэм я унафэщIхэр.

Япэ Iыхьэр теухуат къэрэгъулхэм я техьэмадэхэмрэ абыхэм я унафэм щIэтхэмрэ зыпэрыт лэжьыгъэм щаIэ зэфIэкIыр къэхутэным, къулыкъур зэрырахьэкIыр, я Iэнатlэм сыт и лъэныкъуэкIи зэрыхуэхьэзырыр къэзыгъэльагъуэ дафтэрхэр зэрагъэхьэзырым. ЕтIуанэр - яIыгъ кIуэлыкъуэ я щIэныгъэкIэ зэрыхуэхьэзырым теухуа упщIэхэм жэуап иратыныр.

Ещанэ Iыхьэм къэрэгъулхэм я унафэщIхэр щызэпеуащ зэрыбгъэж хъу пкIэлъейр гъэувыныкъэ абы псынщIэу дэкIуеиныкъэ.

КIэухыу гупхэр зэпеуащ автоцистернэр псы къигъэхъуапIэм щхьэщагъэувэу мафIэсыр къыщыхъуа хуэдэ щIыпIэм псы траутхэныр къызэрагъэпэщынымкIэ.

Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ къэрэгъулым и унафэщI Махуэ Амур, етIуанэ увыпIэр къихьащ абы и лэжьэгъу Шэру Алим (Дзэлыкъуэ куей, Дзэлыкъуэ къуажэм и ПЧ №9). Ещанэ хъуащ Каменномост къуажэм и ПЧ №17-м и лэжьакIуэ Джатэ Зубер.

Республикэм мафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал къулыкъум и унафэщI Борэн МуIэед, и унафэкIэ дипломхэр, ахъшэ саугъэтхэр ираташ зэхьэзэхуэм щытекIуахэм.

СЭБАН Арсен,
КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал къулыкъум и пресс-Iэхуэщ Iапэ.

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Напэкіуэцыр зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ

Къэбардэ Астемыр и дерсхэр

● Щапхъэ

Егъэджакіуэ Іэщіагъэр къыхэзыхь дэтхэнэми и гумрэ и псэмрэ сыт щыгъуи а лэжьыгъэм етауэ, сабийхэр фІыуэ илъагъуу, и хьэлькіэ, теплъэкіэ, бгъэдэлъ щІэныгъэмкіэ ныбжьыщІэхэр къыдихьэхьёу щытын хуейщ. Егъэджакіуэу ущытыныр гугъущ, ауэ щыІэщ а Іэщіагъэм гурэ псэкіэ бгъэдэтэхр, пІащІэу махуэ къэскіэ лэжьакіуэ кіуэхэр.

А УНЭТІЫНЫГЪЭР кьыхахыу хуеджа пэтми, иджырей щІалэгъуалэм ящыщ куэд, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы ирилажьэну хуейкъым. Ауэ а Іэнатіэр зэрыгугъум къриГъэкіуэтакъым мы тхыгъэр зытеуухэ егъэджакіуэ щІалэ Къэбардэ Астемыр.

Ар Тэрч районым хыхьэ Болэтэй къуаджэм къыщалъхуащ. Ныбжькіэ щІалэми, куэдым хуэнабдзэгубдзаплъэ, зи гупсысэр жьжьэ нэс Астемыр есым фІэфІу кьыхихащ мы унэтІыныгьэр. Школьр фІы дыдэу къэзыухьа ныбжьыщІэр куэдрэ гупсысакъым Іэщіагъэ ищІынумкІэ. Ар щІэтІысхьащ Къэбардей-Балъкъэр къурал университетым тхыдэмкІэ иІэ къудамэм.

2014 гъэм магистр дипломыр зыІэрагъэхьэри, адэкіи и щІэныгъэм хигъэхъуэн мурадкІэ, Къэбардей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым «Археологиеу», тхыдэ щІэныгъэ» и кІудамэм щІэтІысхьауэ щыІэ Астемыр. Иджыпстэу щІалэщІэр Налшык дэт гимназие №14-м тхыдэмкІэ егъэджакіуэу щолажьэ.

- Сэ сыхуейуэ, сфІэфІу кьыхэсхащ егъэджакіуэ Іэщіагъэр. Уеблэмэ, къэуІэнэку махуэм сыхуэІащІэу, нэхъ псынщІэу школым сыкІэнэсу збгъэдэлъ щІэныгъэмкІэ егъэкіуэ щІалэхэм садэгуэшащэрэт, щІэ гуэр яжеСІащэрэт, зыгуэркІэ кьыдэсхьэхащэрэт жысІэу соКІуэ лэжьапІэм. Пэжщ, тынШкъым егъэджакіуэу улэжьэнкъи, ауэ а Іэщіагъэм мыхьэнэшхуэ иІэу кьыхэолытэ, ситуэкІпІэмэ, егъэдж предметым и закъуэкъым сабийхэм ябгъэдэлпхьэр, атІэ ахэр гъащІэм зэрыхэпсэукІынми, цІыхухэм зэрадекІуэкІынми хубоущий. Хамэ сабийр а псом щІэбгъэдэІуныр, ар кьыдэзхьэныр, Іуэгу захуэ тебгъэуВэнкІэ ныбжьыщІэр куэдрэ гупсысакъым Іэщіагъэ ищІынумкІэ. Ар щІэтІысхьащ Къэбардей-Балъкъэр къурал университетым тхыдэмкІэ иІэ къудамэм.

2014 гъэм магистр дипломыр зыІэрагъэхьэри, адэкіи и щІэныгъэм хигъэхъуэн мурадкІэ, Къэбардей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым «Археологиеу», тхыдэ щІэныгъэ» и кІудамэм щІэтІысхьауэ щыІэ Астемыр. Иджыпстэу щІалэщІэр Налшык дэт гимназие №14-м тхыдэмкІэ егъэджакіуэу щолажьэ.

«Іуэху мыублэ блэ хэсщ», - жьыхуаІэращи, ипэхэм дежь Астемыри кьехьэлъэкІащ зыпэрыува Іэнатіэр. Школьм ущымылажьауэ, сабийхэр умыщІыхуу апхуэдэ кьалэн гугъум убгъэдэлъэныр тынштэкъым. Ауэ зэман кІэщІым кьуриубыдэу абы хуПэжкІащ кьыдэлажьэжми иригъаджэ щІыкІуэкІэми я гум дыхьэн, фІыуэ закъригъэлъагъун. Абыхэм зэрыжаІэщи, сыт хуэдэ Іуэхуэкіэ абы убгъэдэмыхьэми, зэи укъигъэщІэхъунукъым, утыкуи укъриненэукъым.

Сабийм и къэкІуэнур куэдкІэ елъытащ и егъэджакіуэм. Абы и хьэл-щэнхэм ящыщ гъэрхэр и гъэсэнми зыхелъхьэ. Абы и лъэныкъуэкІэ я насып кьиКІауэ кьыдолытэ Хьэбардэм ириГъаджэ щІыкІуэм.

И лэжьыгъэр фІы дыдэу зэрилъагъур, еджакіуэ щІыкІуэмэ бгъэдыхьэкІэ къаэзрэхуигъуэтыр мызэ-мытІэу кьиГъэлъэгъуащ егъэджакіуэ щІалэм, урок зэІухахэр итурэ.

Апхуэдэу ирихьэлІа куэдым ягу кьинэжащ Къэбардэм «Лъэпкъ щэнхабзэр уэрэдхэмрэ къафэмрэ кьыдэзрэхэщыжыр» фІэщыгъэр иІэу иригъэкІуэкІа классщІыб лэжьыгъэр. Дерсыр гъэщІэгъуэну зэхэуухэна хъуат. Адыгэ фащэм тепсэлъыхьа нэужь, еджакіуэ щІыкІуэм ягъэхьэзыра проект лэжьыгъэхэр утыку кьрахьащ. Иужькіэ адыгэ уэрэдыжьхэр зэрыжаІэу щыта щІыкІэхэм тету, ахэр зытеуухэ Іуэхугъуэкіэ зэрызэхадзу щыта тепсэлъыхьащ. Джэгуакіуэхэм адыгэхэм я гъащІэм мыхьэнэуэ щаІар, абыхэм пщІэ хуащІу, ягъэІапІэу зэрыщытар, иджыпстэу дызэрыт зэманым яІэ хъуа щытыкІэхэр жаІащ еджакіуэ щІыкІуэм. Пэшым щІэсхэр зы псалъи дамыгъэхуу кІэлъыплъырт, ауэ псом нэхърэ нэхъ яфІэгъэщІэгъуэн хъуар макъамэ Іэмэпсымэхэм хуха-ха дакъикъэхэрат. Абдеж егъэджакіуэ щІалэм дэІэпыкъуэгъу кьыхуэхъащ кьыхуеблагъэу и урок зэІухар нэхъри удэзыхьэх зыщІа Бым Аслъэнджэрий, Атэлыкъ Батыр, Мэстафэ Артур сымэ. Абыхэм щыкІэпшынэ, пшынэ, пхъэтІаркъ, пхъэщІыч зэреуэр, абыхэм макъамэ кьыэзэригъэхьэнкъи ирагъэлъэгъуащ кьыэзхуэсасхэм. Нэхъ иужьыІуэкІэ зэхаубла джэгум гукъыдэж хуиІэу, фІэгъэщІэгъэну дэтхэнэ зы егъэкіуэри зэрыхэтар щыпІьагъурт.

Зи зэфІэкІыр щІэблэм щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ етыным тезыууэ Іэнатіэм и кІарур пэлъэщу илъэс куэдкІэ узынщэу лэжьэну.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Щ1эи, гъуни, нэзи зимыІэ псэчысэм щыгъэпщкІуащ бзэр кІэзыгъэщІ псалъэхэр. Щ1ыуэпсым къытхуигъэфэща, уасэ зимыІэ къэхъугъэ тыгъэ лъапІэщ ар. Дэтхэнэ зы лъэпкъми и цІыхум и псэр макъамэ гуапэу доушэ абы. Ар къыщожьэ цІыхум и пкъынэм, и гум. Й псэм плъыфэ зэхуэмыдэжэр щІыгъуэта нэужь, и ахьылымкІэ зэрегъэзахуэри дунейм абыкІэ къыщегъэнаІуэну, дэрэжэгъуэ ин къуату абы кьигъэщІ псалъэ щэрыуэхэр пІурылъу цІыхубэм уахэтыну хъуэсэгъэуэщ.

● Іуэху еплъыкІэ

ЛІэщІыгъуэхэм дэужьыхынкъым ди бзэр

ПСЭКУПСЭ мылъкуШхуэу лъэпкъхэм ябгъэдэлъщ бзэр. Абы кьыэкіЫуу, шэч хэмылъу, егупсысыпхъэщ къэкІуэну щІэблэм кьахуэдгъанэ анэдэлъхубзэр зыхуэдэм.

«Бзэм и кьабзагъэм, и мыкъэнэм, и пэжагъым, и жанагъым щІэбэныныр щІэнгъуаэзм и Іэмэпсымэхэр хъумэнымкІэ бэнэныгъэщ», - жиІэгъащ Горький Максим. Апхуэдэ кьаІэн емызэшыжу адыгэбзэм, адыгэ лъэпкъым я пащхьэм щигъэзащІэу кьызэолъытэ ильэс куэд хъуауэ анэдэлъбзэм и теплъэкІэр ди пащхьэм щигъэлъаПІэу, щигъэлъагэу, и фащэ екІур ди нэгум щІимыгъэкІыу, адыгэбзэм и щэхухэр купщІафІэу кьытхуигъэнаІуэу ди республикэм кьыщыдэкІ, адыгэхэм ди Іэпэгъуу унагъуэ хэсхэм илъын хуей «Адыгэ псалъэ» газетым.

КьызэрыгуэкІ лэжьакіуэм кьыщыщІэзэхуэр кьэрал кьулыкъу щаГъэзащІэ Іэхуэщ1аПІэхэм щылажьэхэри, еджагъэшхуэхэри, тхыдэтхэхри, бзэр зыджхэри, егъэджакіуэхэри, теливиденэ, радио, газет лэжьакіуэхэри нобэ хуэгуэзаву топсэльыкъ адыгэбзэм и кьэкІуэну. ЦІыхубэм я гугъэ хахьыжи хуэдэу, къэувыІи къикІуэти имыІэу, и Іуэхур зэІыхьауэ хужаІэ нобэ ди анэдэлъхубзэм. Зым «ди бзэр къэІэтыжын хуейц» жи, адрейм «бзэр тІэщІэкІмэ, къыхтхуегъэзэзэкыну пІэрэ?» упщІэжкІэ зыкъыхтхуегъаз, «хуэфащэ пщІэ игъэпэрикъыну» тхьэусыхафэми уІуоуэ, «лъэпкъыбзэр сымаджэ хьэлъэмэ.., бжэщхьэІум шхужьыгуэ щохьу», - жеІэ телевиденэм и лэжьакіуэм. Псэм гуныкъэгъуэ кьеъзыт мыпхуэдэ псалъэ куэд уащыІуощІэ нобэ «Адыгэ псалъэм», Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим кьыщыдэкІ газетхэм, щы-зэхьбох радиом, телевиденэм, бзэм теухуа зэІущІэхэм.

Апхуэдизкіэ адэкІэ фІэкІыпІэ имыІэу гум и жагъуэу абы дытопсэльыхьри, ди анэдэлъхубзэр къэпсэльэфамэ, шэч хэмылъу, кьыдэупщІынт: «Фи щхьэм иль гупсысэхэри, фи псэм хэль гурыщІэхэри кьызэрывэзгъэІуэтэн хьилым иджыри збгъэдэльщ сэ, цІыхубэми сыхьиІадзакъым, сыпсэууэ сыщІэфлъхьэжьну сиужь щхьэ фІы-кьихьа?».

Мыр нобэ къежьа псалъэмакъхьым. Илъэс бГыщІ и пэкІэ, 1926 гъэм, къэбэрдей тхакІуэ, усакІуэхэм я пажэ, адыгэ литературэм и классик Щоджэнщ1ыкІу Алий и Іэдакъэ кьыщІэкІа тхыгъэ кІэщІым дыкьыщоджэ: «Сыт щыгъуэ ди бзэм нэмыс щигъуэтынур?» ПІэщІыгъуэм нэблагъащ ди бзэр щытыкІэ гугъу зэрытым тепсэлъыхьын зэрыщІадзэрэ. Нобэми ныжэбэми дытопсэлъыхь. Абы пІьандэрэ ди бзэм зимыужьауэ, емыфІэкІыуэ, фІы и лъэныкъуэкІэ зэхъуэкІыныгъэхэр имыІауэ пхужьІэнукъым. Уеблэмэ нэгъуэщІ дыдэу балл 27-рэ кьихьын хуейщ. КъБР-м мы гъэм еджакіуэ 2460-м щатащ математикэр. Абыкіэ балл нэхъыбэ кьэзыхьар МКОУ «Лицей №92»-м и еджакіуэ Тхьэмокъуэ Аминэщ. Абы кьилэжьащ балл 92-рэ. Балл 80, абы щІигъу кьахьащ еджакіуэ 24-м. Зыхуэмытахэм я бжыгъэр еджакіуэ 351-рэ мэхъу.

Мыгъэрей ЕГЭ-р нэгъабэрейм еплъитмэ, Іуэхур ефІэкІуащ: баллищкІэ нэхъыбэ кьахьащ къэпщытэныгъэм хэтахэм. Зыхуэмытахэм я бжыгъэр ильэс кІуам нэхърэ процент 17,6-м щегъэжьауэ 14-м нэсу ехащ.

ЖЫЛОКЪУЭ Люсаннэ.

● Школ хъыбархэр

Аминэ балл 92-рэ къехь

Математикэмкіэ ЕГЭ-м (профильнэ Іыхьэм) къриКІуахэр илъэс кІуам елъытауэ зэрефІэкІуар ящыщщ мыгъэрей къэпщытэныгъэхэм зэушцигуфыкІыну хэльэщ.

МАТЕМАТИКЭМКІЭ профильнэ Іыхьэр зытыр еджапІэ нэхъыщхьэм щІэтІысхьэнухэрщ, сыту жыпІэмэ а предметыр еджапІэ куэдым Іэмалышэу ятынхэм ящыщщ икІи нэхъ мащІэ дыдэу балл 27-рэ къихьын хуейщ. КъБР-м мы гъэм еджакіуэ 2460-м щатащ математикэр. Абыкіэ балл нэхъыбэ кьэзыхьар МКОУ «Лицей №92»-м и еджакіуэ Тхьэмокъуэ Аминэщ. Абы кьилэжьащ балл 92-рэ. Балл 80, абы щІигъу кьахьащ еджакіуэ 24-м. Зыхуэмытахэм я бжыгъэр еджакіуэ 351-рэ мэхъу.

Мыгъэрей ЕГЭ-р нэгъабэрейм еплъитмэ, Іуэхур ефІэкІуащ: баллищкІэ нэхъыбэ кьахьащ къэпщытэныгъэм хэтахэм. Зыхуэмытахэм я бжыгъэр ильэс кІуам нэхърэ процент 17,6-м щегъэжьауэ 14-м нэсу ехащ.

ЖЫЛОКЪУЭ Люсаннэ.

● Гъэсэныгъэ

Лыхъужьхэм я щапхъэм щІыдопІыкІ

Щ1алэгъуэм кьыпхилъхьэ кьарур зыми емыщхьщ. Гъащ1эм и Іэфіыр пкІуху, а къэдум укъызэщІе1эта, уигъэгушхуэу къыдбогъэузгрыкІуэ. И насыпш и чэзум ар кьызыгурыІуэм. Къэзыгъэсэбэлъыфым. Къарум гъунапкъэ щимыІэм и деж - цІыхум и лъэкІ къихьынур мардэнэщщ. Нэхъыщхьэр - щ1алэгъуэ кьарур пщІэнэщу умыгъэкІуэщІынырщ.

СИ ТХЫГЪЭ кІэщІыр зытеухуар Лэскэн районым хьэхьэ Аргудан адыгэ жылэжьым кьыщалъхуа, къыщыдэса адыгэ щІалэ Иуан Володящ. Гъащ1э кІыхь кьиМыгъэщІами, Володя и дуней тетыкІар щапхъэу кьахудоХь кьытщІэхъуэ щІэблэм, хэкупсэ гъэсэныгъэм и лъабжьэ бІыдэ хъу цІыхухэри а щІалэм хуэдэхэращ.

Кьуаажэм дэт курыт школыр кьиуха нэужь, Володя Іэщіагъэ хуэхуну и нэ кьыэзыхиКІыр кьэхихащ. Адэ-анэм нэгъуэщІ Іэщіагъэ куэдым драгъэхьэхыну хэтами, езыр зыхуэй лъагъуэращ зытеуВар. ЗыеуедэкІэу куэд щІауэ зыгъэбелджьыла щІалэм арэр пэрыуэфакъым икІи шофёрхэр щагъэхьэзыр курсхэм щеджэри, щалъхуа кьуажэм лжьэн щыщІидзащ. МэкъумэшыщІэ унагъуэшхуэм кьыщыхъуа щІалэщІэм зэи игу ихуртэкъым и адэ-анэм сыт щыгъуи кьыжраІэу щыта псалъэхэр: «Ди напэр кьытумых, уи ади уи лъэпкъэ кьуымыгъэукІытэ. ТІэкІу гугъу уеХьми, лІыгъэ, нэмыс, укІытэ зыхэгъэпІ, ди щІалэ цІыкІу».

Иуанхэ Кушбийрэ Быцэрэ бынй зэдапІащ. Унагъуэм илъ нэмысым и инагъыр, и кууагъыр, и цІыхухэр зэрызэхущытыр, нэхъыщІэхэр зэрыгъэсар, нэхъыжьхэм унагъуэм щаІэ пщІэр хэти щапхъэу хуэбгъэльагъуэ хъунут. Зэщхьэгъусэхэм я бынхэм цІыху хьэхьэкІэ-хэтыкІэ ирагъащІэрт. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэми фІы кьишащ. Абыхэм хьэльнши, щэнныш, мыхъумыщІи кьахэкІакъым: псоми унагъуэ хьарзэнэ яухуауэ мэпсэу.

Абыхэм ящыщ зыт Володя иухуа унагъуэ дахэри. ЦІыху зэхъуапсэм хуэдэу кьежьа унагъуэм кьыщІихуащ Чернобыль кьыщыхъуа гуауэм и жьы дыджыр. Сэ кьызэрызгурыІуэмкІэ, уигу зыхэныкъуэ Іуэхум ущытепсэлъыхькІэ, ар зэфІэхэ хъун папщІэ, сэбэныгагъ кьызыпІыкІын зыгуэр убзыхуауэ утыку кьиІтхьэн хуейщ.

Дэтхэнэ зы щІалэм и бзэр яІуры-лъыным епха Іэмал зэмылІужьыгъуэхэр къэгъэсэбэпыпхъэщ, езы цІыхубэм и нэгу щІэкІы, абы дихьэхыу, абдежьым и бзэмкІэ и зэфІэкІ кьыщигъэнаІуэу, и гурыгъуэгурыщІэхэр кьыщИуатэу. Бзэм, тхыдэм, литературэм, щІэнгъэзэм, гъащІэм, дуней епльыкІэм, кьэхъукъащІэхэм ятеухуауэ телевиденэм, радиом ирысубзэкІэ щеджэкІ зэпеуэхэр, зэІущІэхэр, пшыхьэхэр апхуэдэ Іэмал Гъуэзэджэхэщ.

Мы Іуэху еплъыкІэм и щапхъэ нэсщ «Тельыджэхэр кьыщыхъу губгъуэ» телевизионэ джагуэгу, американ «Колесо фортуны» нэгъунэм кьытращыкІар, Якубович Леонид иригъэкІыкІыр. Щэнгъуаэз, нэгуэгъэужь, цІыкІуи ини зи зэфІэкІ кьыщагъэлъагъуэ пшыхь удэзыхьэхьи емыплъ унагъуэ щІыІэу кьыщІэкІынкъым. Мыбы джэгуну кьэкІуапІэм я нэхъыбапІэр Іыхьу кьызэрыгуэкІхэщ. Якубович Леонид и фІыщІэкІэ, цІыхубэр зытхьэхъуа а джэгуКІэм бзэр, тхыдэр цІыхум яІэщІэмыхуныжкІэ сэбэпынагъыщхуэ кьихьу кьызолытэ.

Адэкіэ ди литературэм и лэжьакіуэ пажэхэм я Іэдакъэщ1экІэр кьадгъэсэбэпыпхъащ. Адыгэ тхакІуэ, усакІуэ цІэрыІуэхэм я тхыгъэ купщІафІэхэм телевиденэмкІэ, радиомкІэ, интернетымкІэ дыкъыщеджэщ щхьэ мыхъурэ? Гупыж зиІэ дэтхэнэ зыри абы кьебгъэблагъэ хьунущ (актёрхэм я гугъу сщырыкъым).

Дэтхэнэ зы жылагъуэми, шэч хэмылъу, щопсэу адыгэбзэр зыгъэзэрыуэф, адыгэ хабзэм зи гур хуэгъэпса, утыку кьыщІишапхъэ нэгъуэщІ зэфІэкІ дахэхэри зыбгъэдэлъхэр. Ахэр кьрихьэлІэу «Си гум кьиІукІ макъэр», «Си гурыльхэм я пшыхь», «Ауэ тельыджэхэм я щхьэхэр» нэтын дахэхэр телевиденэм щебгъэкІуэкІ хьунущ. Хамэ кьэралхэм ис адыгэхэри мыбы кьегъэблагъэпахъэщ.

Бзэм ар зыІуры лъэпкъым и псэ хэльщ, абы и гурыгъу-гурыщІэхэмкІэ зэманым добакъуэ. ТхьпІ нэпэкІуцІхэм кьиибгъэтІасэкІэ, интернетым иптхэкІэ а къэхъугъэ тельыджэр хьума хьунукъым. Ар лэжьэн хуейщ, акъылымрэ гупсысэ куумрэ адыгэбзэкІэ щагъабзэ зэпеуэ удэзыхьэхэр утыкум куэду кьиихьапхъэщ. Кьуажэхэм чэзуэр пшыхь дахэхэр щегъэкІуэкІыпхъэщ.

Адыгэбзэкіэ диктант зэІуха кьыхэпльхьэмэ, жэрдэмышнэу кьэнэну пІэрэ? Абыкіи зи зэфІэкІым епльыжьнухэр кьызэрытхэкІынум шэч кьытесхьэркъым.

Адэкіэ сызытепсэльыхьынур зэ епльыгуэкІэ мыхьэнэ зимыІэу фІьыгтэнкІэ хьунущ, ауэ фэ едмыпльу сэбэпынагъ кьэзыхьщ ар. Зи гугъу сщІынур сканворд зэмылІужьыгъэхэрщ. Сэ абыхэм «псалъэ зэхэуухэнакІэ» соджэ. Псалъэ зэхэуухэнахэр пыкъыкІауэ ГъащІэм и зы лъэныкъуэ гъэрым теухуауэ щыткъым: бзэри, литературэри, философиери, щІэнгъуаэзри, тхыдэри, щІэныгъэри, щІэныгъэри, техникэри, кІэщІу жыпІэмэ, цІыхум и Іуэхущ1аФэр, и дуней тетыкІэр, нэгъуэщІ куэди мыбы кьибгъэтІэсэфынущ. Мыхэр бзэм теухуауэ зэмылІужьыгъуэу зэхэпльхьэ хьунущ: зэ адыгэбзэ защІэу, зэ урысбзэкІэ зэхэгъэуВам жэуапыр адыгэбзэкІэ зэдзэкІауэ ибгъэувэжьын хуейуэ, зэм урысыбзэр адыгэбзэкІэ зэдзэкІыжьын хуейуэ. ЦІыхум зыщигъэпсэхукІэ, абыкІэ зэман зэригъакІуэм нэмыщІ, ахэр сыт хуэдэу сэбэп хьуну! Гурыхуагъэм зрегъэужь, псалъэр кьытхуэмыщІэжу ерыщу кьэдгъэнэхуэжамэ, ар зэи тщыгъупщэжынукъым, псори кьэпщІа нэужь, арэзынышъэ, гушхуэныгъэ кьыпхелхьэ, гуКъыдэж кьэуІ, гугъуехэр Іуэху мыщхьэпІэу кьыппэпльэм пІалъэ пшыхькІакІэ укъыхмеи, гъуэгум пкІэлъей кьезыдэ Іэмалуи кьагъэсэбэп. Еджагъэшхуэхэм кьызэрахутащи, псалъэ зэхэуухэна, псалъэ зэблэдза зэмылІужьыгъуэхэр кьигъэнэхуэну фІыуэ зыльагъу дэтхэнэ зыми и щхьэр фІыуэ мэлажьэ, и узынщагъэр узым нэхъ пэІащІи, нэхъ пэгъащІэри мэхъу. Адыгэбзэр щІыкІэхэм яІурылъныкІэ, лъэпкъыр узынщэныкІэ ари зы Іэмалщ. «Адыгэ псалъэ» газетым гуэдзэн кьыдигъэкІыну епльэ хьуну кьызолъытэ ар. Гуэдзэным мыбы и мызакъуэу адыгэ лъэпкъым и тхыдэм и напэкІуэцІ и лъэпкъым бзитІымкІи кьыщыбгъэнаІуэ хьунущ.

Бзэр зыщІэсыжьэрабжамкІэ, нобэ щІыкІу ирипсалъэу дуней псом бзэ 6809-рэ тетыц. Абы щыщу процент 90-р щІыкІу минищэ иримыкІу лъэпкъэрщ кьэзыгъэсэбэпыр. КьызэральтытэмкІэ, бзэ 46-м щІыкІу зырызщ нобэ ирипсэльэжьыр. ЦІыху 50 фІэкІа мыхъу лъэпкъэм яІурылъщ бзэ 357-рэ. Бзэ 200 - 250-рэ кьагъэсэбэп цІыху мелуан зырызым щІигъу лъэпкъэм. Дуней псом цІыху нэхъыбэ бдыдэ щропсалъэ китаибзэм, индиибзэм, испанибзэм.

Зэи къэмыхъуауэ зэман кІэщІым къриубыдэу бзэхэр нобэ мэкІуэд. Абы ящхьэ иту лъэпкъри я щэнгъуэзэри абы зыдэхь. Апхуэдэ щытыкІэм, шэч хэмылъу, уегъэгъэвэз, ауэ ди анэдэлъхубзэр зи Іуэху нэхъ Іей дыдэхэм зэрахэмытым гугъэ дахэ уегъэщІ ди лъахэ мащІэм и ауэ щхьэантІэхэм, я губгъуэхэм, и псы губжьаХэм я лъагъуэ псыхъуэхэм, къуалэбзуэр щызэльатэ, псэущхьэхэр щьитэкІу и мэз гъэрэхэм, и кьыр ардэхэм я куэщхэм, и жьпІэ гуащІафІэхэм я унагъуэхэм я жьгум иджыри илъэс мин куэдкІэ щыІуну. Абыкіэ дэ сэбэп дыхъупхъэщ.

ХЬэщІэ МуІэед,
егъэджакІуэ.
ХьэтІохъущыкъуей къуажэ

● Гъэуэгу къежьапІэ

ФэркІэ догушхуэ, ныбжьыщІэхэ!



Бахьсэн щІынальэм и курыт школхэр мы гъэм къэзыухахэм ящыщу 73-м дыщ медалхэр хуагъэфэщащ. Ахэр Іэтауэ, гуфІэгъуэ щытыкІэм иту ныбжьыщІэхэм щратыжащ Бахьсэн район администрацэм и унэм.

ЩІЫНАЛЪЭ администрацэм и пресс-Іэнатіэм и унафэщІ Чыпар Аринэ хьыбар кьиІзэрыдиГъэщІамкІэ, гуфІэгъуэ зэІущІэм хэтащ район администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн, щІыпІэм щыІэ жылагъуэ зэгуХьэныгъэхэм я советым и тхьэмадэ Сосналы Анатолэ, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранэм я район советым и пашэ Абазэ Анатолэ, районым егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм и унафэщІэхэр, егъэджакіуэхэр, адэ-анэхэр.

ЗэІущІэр кьиІзэІуиха нэужь, Сыжажэ Хьэсэн гуапэу екъуэхьащ егъэджэным екъулІэныгъэ лъагэхэр щыыэІэрызыкІуэхэм ябгъэдыхьэкІэ къаэзрэхуигъуэтыр мызэ-мытІэу кьиГъэлъэгъуащ егъэджакіуэ щІалэм, урок зэІухахэр итурэ.

Апхуэдэу ирихьэлІа куэдым ягу кьинэжащ Къэбардэм «Лъэпкъ щэнхабзэр уэрэдхэмрэ къафэмрэ кьыдэзрэхэщыжыр» фІэщыгъэр иІэу иригъэкІуэкІа классщІыб лэжьыгъэр. Дерсыр гъэщІэгъуэну зэхэуухэна хъуат. Адыгэ фащэм тепсэлъыхьа нэужь, еджакіуэ щІыкІуэм я проект лэжьыгъэхэр утыку кьрахьащ. Иужькіэ адыгэ уэрэдыжьхэр зэрыжаІэу щыта щІыкІэхэм тету, ахэр зытеуухэ Іуэхугъуэкіэ зэрызэхадзу щыта тепсэлъыхьащ. Джэгуакіуэхэм адыгэхэм я гъащІэм мыхьэнэуэ щаІар, абыхэм пщІэ хуащІу, ягъэІапІэу зэрыщытар, иджыпстэу дызэрыт зэманым яІэ хъуа щытыкІэхэр жаІащ еджакіуэ щІыкІуэм. Пэшым щІэсхэр зы псалъи дамыгъэхуу кІэлъыплъырт, ауэ псом нэхърэ нэхъ яфІэгъэщІэгъуэн хъуар макъамэ Іэмэпсымэхэм хуха-ха дакъикъэхэрат. Абдеж егъэджакіуэ щІалэм дэІэпыкъуэгъу кьыхуэхъащ кьыхуеблагъэу и урок зэІухар нэхъри удэзыхьэх зыщІа Бым Аслъэнджэрий, Атэлыкъ Батыр, Мэстафэ Артур сымэ. Абыхэм щыкІэпшынэ, пшынэ, пхъэтІаркъ, пхъэщІыч зэреуэр, абыхэм макъамэ кьыэзэригъэхьэнкъи ирагъэлъэгъуащ кьыэзхуэсасхэм. Нэхъ иужьыІуэкІэ зэхаубла джэгум гукъыдэж хуиІэу, фІэгъэщІэгъэну дэтхэнэ зы егъэкіуэри зэрыхэтар щыпІьагъурт.

Зи зэфІэкІыр щІэблэм щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ етыным тезыууэ Іэнатіэм и кІарур пэлъэщу илъэс куэдкІэ узынщэу лэжьэну.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

- Дэ дрогушхуэ фэ фхуэдэ щІалэгъуалэ ди районым кьиІзэригаджэм, - кьыхигъэщащ абы. - Фи щІэныгъэр, зэчийр, щІалэгъуэр, жыджэрагъыр хуэвгъэлажьэ фІыуэ тлъагъу ди Бахьсэн щІынальэм, республикэм. Апхуэдэу фІыуэ фызэреджам папщІэ фІыщІэ ин фхудощ!

Медалхэмрэ щІыхь тхьылъхэмрэ ныбжьыщІэхэм яритыжа нэужь, район администрацэм кьыбгъэдэкІ фІыщІэ тхьылъхэр Сыжажэм яритащ апхуэдэ быныбІ зыгъэса адэ-анэхэмэ.

Ныбжьыщ1эхэм псалъэ щратым абыхэм фІыщІэ ящІащ кьыхуащІа гулъытэ лъагэр икІи кьызэхуэсахэр кьагъэгугъащ я щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ адэкІи хагъэхъуэну, ахэр, зэман дэкІмэ, я лъахэм и зыужьыныгъэм ирахьэлІэну.

ТАМБИЙ Линэ.

● Гъэсэныгъэ

Лыхъужьхэм я щапхъэм щІыдопІыкІ

Щ1алэгъуэм кьыпхилъхьэ кьарур зыми емыщхьщ. Гъащ1эм и Іэфіыр пкІуху, а къэдум укъызэщІе1эта, уигъэгушхуэу къыдбогъэузгрыкІуэ. И насыпш и чэзум ар кьызыгурыІуэм. Къэзыгъэсэбэлъыфым. Къарум гъунапкъэ щимыІэм и деж - цІыхум и лъэкІ къихьынур мардэнэщщ. Нэхъыщхьэр - щ1алэгъуэ кьарур пщІэнэщу умыгъэкІуэщІынырщ.

СИ ТХЫГЪЭ кІэщІыр зытеухуар Лэскэн районым хьэхьэ Аргудан адыгэ жылэжьым кьыщалъхуа, къыщыдэса адыгэ щІалэ Иуан Володящ. Гъащ1э кІыхь кьиМыгъэщІами, Володя и дуней тетыкІар щапхъэу кьахудоХь кьытщІэхъуэ щІэблэм, хэкупсэ гъэсэныгъэм и лъабжьэ бІыдэ хъу цІыхухэри а щІалэм хуэдэхэращ.

Кьуаажэм дэт курыт школыр кьиуха нэужь, Володя Іэщіагъэ хуэхуну и нэ кьыэзыхиКІыр кьэхихащ. Адэ-анэм нэгъуэщІ Іэщіагъэ куэдым драгъэхьэхыну хэтами, езыр зыхуэй лъагъуэращ зытеуВар. ЗыеуедэкІэу куэд щІауэ зыгъэбелджьыла щІалэм арэр пэрыуэфакъым икІи шофёрхэр щагъэхьэзыр курсхэм щеджэри, щалъхуа кьуажэм лжьэн щыщІидзащ. Мэкъумэшыщ1э унагъуэшхуэм кьыщыхъуа щІалэщІэм зэи игу ихуртэкъым и адэ-анэм сыт щыгъуи кьыжраІэу щыта псалъэхэр: «Ди напэр кьытумых, уи ади уи лъэпкъэ кьуымыгъэукІытэ. ТІэкІу гугъу уеХьми, лІыгъэ, нэмыс, укІытэ зыхэгъэпІ, ди щІалэ цІыкІу».

Иуанхэ Кушбийрэ Быцэрэ бынй зэдапІащ. Унагъуэм илъ нэмысым и инагъыр, и кууагъыр, и цІыхухэр зэрызэхущытыр, нэхъыщІэхэр зэрыгъэсар, нэхъыжьхэм унагъуэм щаІэ пщІэр хэти щапхъэу хуэбгъэльагъуэ хъунут. Зэщхьэгъусэхэм я бынхэм цІыху хьэхьэкІэ-хэтыкІэ ирагъащІэрт. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэми фІы кьишащ. Абыхэм хьэльнши, щэнныш, мыхъумыщІи кьахэкІакъым: псоми унагъуэ хьарзэнэ яухуауэ мэпсэу.

Абыхэм ящыщ зыт Володя иухуа унагъуэ дахэри. ЦІыху зэхъуапсэм хуэдэу кьежьа унагъуэм кьыщІихуащ Чернобыль кьыщыхъуа гуауэм и жьы дыджыр. Хэкум и цІыху пэрыт псоми хуэдэу, Володя ежьащ щІыпІэр зэфІэзэгъэувэжьнухэм яхэту.

Щ1алъхуа, щапІа щІынальэм и дахагъэм, абы хуиІэ лъагъуныгъэм и инагъым кьишащ Иуаныр Украинэм кьыщыхутэныр. Ар, и гъусэхэм зэрэтуну, зэманым кІэльэщІэмыхьэнкІэ шынэрти, жэщ-махуэ жамыІэу зэтекъутахэр зэфІагъэувжьу щІадзащ. ЯхуэзфІэкІамэ, шэхэнтэкъым, жеинтэкъым, атІэ цІыхухэм кьатепсыхар дагъэпсыпщІэнт, апхуэдизкІэ гуэвегъэшхуэт абыхэм яІыгъыри. И адэ-анэм кьыхахьхьа гъэсэныгъэ нэсыр сэбэп кьыхуэхъащ Володя нэхъ щІыпІэ шынагъуэ дыдэм щылажьэныкІэ. И кьалэнхэр псэемыблэжу зэрызэфІихар, зэрыхуэзэфІэкІкІэ лэжьыгъэр зэрырихьэкІар кьалъытэри, Иуаным кьратащ «ЧерноБыль кьыщыхъуа насыпыншагъэм и Іэужьхэр гъэкІуэдыным зэрыхэтам папщІэ» медалыр.

Украинэм кьикІыжа нэужь, Володя Іэсэкэн щІынальэм щыІэ «Леспромхозым» ильэс зыбжанэкІэ щылажьэжащ, и цІэр фІыкІэ кьраІуэу. ГуащІэдэкІ лэжьыгъэм

Шапсыгъыр нэхъ гъунэгъу мэхъу

● Лъэпкъ Іуэху

Тенджыз ФІыцІэ Іуфэм Іус шапсыгъхэм я «Адыгэ Хасэм» и жэрдэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студент гупым папщІэ Сочэ къыщыІэзэрагъэпэщащ этнографие практикэ. Налшык тхыдэм щыхуеджэ ныбжьыщІэхэм Іэмал ягъуэтащ я лъэпкъэгъуэхэм я блэкІам зыщагъэгъуэзэну, нобэ зэрыпсэур зрагъэлъагъуну.

- ТЕНДЖЫЗ ФІыцІэ Іуфэм Іус адыгэхэм Урысейм и щІыналъэхэм, хамэ щІыпІэ щципсэу адыгэхэм яхуиІэ щэнхабзэ, щІэныгъэ зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэныжкІэ ар мыхьэнэ зиІэ лъэбакъуэщ, - жиІащ Хасэм и тхьэмадэ **КІэкІыхъу Мэжид**. - Жылагъуэ лжьыгъуэ абы и лъэныкъуэкІэ куэд йокІуэкІ - тенджыз ФІыцІэ Іуфэм и щІыдэлъху лъэпкъым пыщІэныгъэхэр хуаІэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэми Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Абхъазым щыІэ нэгъуэщІ лъэпкъ ІуэхущІапІэхэми. Иджы нэхъыбэу гулыитэ яхуэщІын хуейщ щІалэгъуалэм, абы папщІи къуэш республикэм щыІэ щІэныгъэ-егъэджэныгъэ центрхэм яхудиІэ пыщІэныгъэхэр дгъэбыдапхъэщ. «Адыгэ Хасэм» кІуэзэрыгъэпэщри, Сочэ и къэфакІуэ гупхэр мызэ-мытІуэ щыкъэщІащ Налшык, Черкесск, Краснодар, Мейкъуапэ, Ставрополь, Сыхъум. Шапсыгъэми щІэхщІэхыурэ къэрагъэблагъэ къуэш республикэхэм я щІалэгъуалэ гупхэр, къэфакІуэ, уэрэджыІакІуэхэр, щІэныгъэ экспедицхэр, журналистхэр. Лъэпкъым ди зэпыщІэныгъэр гъэбыдэным епха лъэныкъо зы проектышхуэщ КъБКъУ-м и студентхэр Сочэ кьызэреблэгъар.

Тхьдэр зыдж щІалэгъуалэр Лазаревск кьуажэм нэсащ мэкъуаугъуэм и 4-м. Тхьэмахуэм къриубыдэу ахэр щыІащ Сочэ къедза кьуажэ псоми (Тхъэгъэпэщ къыщыжэмыщІа, абы псыдзэ кьыщІэуауэ ирихьэлІат). Тхьидэдж ныбжьыщІэхэм зрагъэлъэгъуащ районым и щІыпІэ дахэхэр, Адыгэ Хасэм и ІуэхущІапІэр, Лазаревск щыІэ этнографие музейм щыщалпІыхьащ, ШахэкІеишхуэ пшыхь дахэ щепльащ, щыналъэм щыпсэуэжм, лъэпкъ Іуэху зезыхуэ жылагъуэ лжьакІуэхэм яІущІащ.

Гупым хэтащ КъБКъУ-м Тхьидэмкіэ, филологием-рэ СМИ-мкІэ и институтым и япэ курсым щеджэ студентхэу Сльон Азнаур, Батї Каринэ, Мэкъуауэ Беслъэн, Джэрыджэ Каринэ, Кушырыгъэ Темболят, КІурашын Залинэ, Кьулдэгу Элинэ, Кучуковэ Мадинэ, Атабиевэ Азифэ сымэ. КъБР-м и Ислъэ-мей кьуажэм щыщ тхьидэдж ныбжьыщІэ Щхьэлахуэ Зурьянэ и унэцІэджэгъуэхэм Сочэ щІалъщІэжащ.

- Щхьэлахуэхэ ящыщу ди республикэм щыпсэур унагъуэ зыбжанэщ. Псори къэбэрдей диалектым дроп-салъэ, - жиІащ абы. - ЕджапІэ нэхъыщхьэ сыщІэтІысхьэху сэ апхуэдэуи кьыс-фІэІуэхуакъым лъэпкъыр дыкъызытехъыкІар ззэгъэщІэну, сыту жьпІэмэ ди лъабжьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщежьу фІэкІа сегупсысыртэкъым. Иужькіэ къэслъыхъуэу щІэздзащ ди унэцІэм, лъэпкъыр дыкъызытехъыкІам техуэауэ щыІэхэр. Абы техуэауэ куэд сыкъыщеджащ интернетми. Аращ къыщысщІар ди лІакъэ зэпыщІэныгъэ ФІыцІэ Іуфэм къызэрыщежьэр.

И лъэпкъыр мы щІыпІэм къызэрыщежьам и щыхьтэхэр Зурьянэ щилъэгъуащ Нэжыгрэ ШахэкІеишхуэрэ щыІэ фэеплъхэм дежи - Хэкум и хъумакІуэхэм я щІэхэр зытетха фэеплъ мывэм тетт Щхьэлахуэ ящыщхэри. НэгъуэщІ куэдрэ жэхэми щацхуэзащ ар и унэцІэджэгъуэхэм.

- Сочэ сыщыІэжу сэ хьэщІэу зыкъэслъытакъым, ди республикэм сызэрыпэІэщІэр зыхэсащІакъым. Мы щІыналъэм сыкъыщалъхуам хуэдэщ, мыбы щысслъагъу псори си псэм пэгъунэгъущ. Иджы мы щІыпІэм епха хъуащ си гъащІэр. Си адэ-анэм ящыкъуэу Іэмал имыІэу сыкьтетэгъэзэнчущ, - жиІащ Зурьянэ.

Тхьідэм хуеджэжэм кьахуэщхьэпэн куэд этнографие практикэм кьыщащІащ адрей ныбжьыщІэхэми.

- Адыгэ лъэпкъым и тхьідэм техуэауэ сыт кьасщІэми сфІэгъэщІэгъуэнщ, - жиІащ Къашыргъэ Темболят. - Тхьідэм нэмыщІ сэ содж ди лъэпкъым и къафэхэр, макъамэхэр (ар университетым зэрыщеджэм нэмыщІ, «Хатти» къэфакІуэ гупми хэтщ). Щынальэ кьэс я къэфэкІэ щхьэхуэ яІэжщ. Абы техуэауэ гъэщІэгъуэн куэд ядэслъэгъуащ тенджыз ФІыцІэ Іуфэм Іус шапсыгъэхэми. Іэмал имыІэуи абы гупсысэ кьыхэсхьнущ.

- Дэтхэнэри Сочэ дыщыІащ зыгъэпсэхуакІуэ. Ауэ адыгэ къуажэхэм дыщыхьэщІэну, мы щІыпІэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхм бзэр зэрагъурылъыр, щэнхабзэр зэрызэрахьэр зэдгъэлъагъуну я япэу кьытхуихуауэ аращ, - жиІащ гупым и унафэщІ, КъБКъУ-м КъБР-м и щэнхабзэмкІэ, этнологиемрэ тхьідэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ **ТекІуий Мадинэ**. - Сэ икъуэкІ щІэщІыгъуэ сщыхъящІ ди зекІуэр. ЩІапсыгъэхэм я хъыбар куэд, кьызжиІэу щытащ мы щІыпІэм щыщ Нэпсо Долэт тхьэмыщкІэм. Кандидат лэжьыгъэр щыстхым ар си щІэныгъэ унафэщІу щытащ. И щІыналъэм и дахагъэм, абы щыпсэу цІыхухэр зэрыгуащІафІэм, зэрыгуапэм техуэауэ куэд жиІэжырт. Иджы дэтхэнэ и псалъэмми щыхьэт сытехъэфы-нущ. Мы махуэхэм дэ дахуэзащ ныбжькІэ зэхуэмыдэ цІыху куэдым. Дэтхэнэри лъэпкъым и цІыхуц. ДыкъызидкІар, дызыщыщыр зэхэзых псоми я унэ драгъэблагъэрт. Мыпхуэдэ зэкІэлъыкІуэхэр щхьэпэщ нэгъуэщІ щхьэусыгъуэкІи. Лъэпкъым и тхьідэмрэ и щэнхабзэмрэ теориекІэ, университетым и библиотекэхэм ущІэсу е компьютерым убгъэдэсу зэбгъэщІэныр - зы Іуэхущ, тхьилъхэм кьибджыкІар уи нэкІэ зэбгъэлъагъуныр - нэгъуэщІщ. Тхьэмахуэм кьриубыдэу тхьідэм елэжьыну ныбжьыщІэхэм кьащІащ тхьилъхэм укъуэзы-щемыджэн щІэ куэд. Мыпхуэдэ Іуэхущ Іуэхуг ЫуэхэР псом хуэмыдэу щхьэпэщ ди щІалэгъуалэм я дежкІэ. Ар кьызэбгъэпэщыныр тынш-кьым. Абыкіэ фІыщІэ Іуэхущ ди университетми, шапсыгъэхэм я Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КІэкІыхъу Мэжидиі, - жиІащ Мадинэ.

НЫБЭ Анзор.

● Псалъэжьхэр

Пшэ темылъу уэшх щыІэкъым

♦Уэзджэр къокІуэ.
♦Пэжыр шы щІакъуэ тесми, здэкІуэм нэсынщ.
♦Зи ныбэ изым уи уз ищІэрэ.
♦И теплъэм уемыплъу, игу иІыыр зэгъащІэ.
♦Акъылыр ящэркъым, къащхэуркъым - зыхалъхэ.
♦МылЭр лЫ мэхъу.
♦Пшэ темылъу уэшх щыІэкъым.
♦ПыІэ зыщхьэрыгъ псори лЫкъым.

Сыщолъыхъуэ насып сэ уи деж

«Сыщолъыхъуэ насып сэ уи деж» уэрэдыр зэ нэхъ мыхъуми зэхэзымыха, жыпІэнурамэ, ар фІыуэ зымылъагъу адыгэ уэрэдхэм, макъамэхэм дихьэххэм яхэту си фІэщ хъуркъым. Зэ уеда1уакІэ уи псэм, уи гум зимыгъэнщІу, иджыри зэ кьытезгъэзэжу седэІуащэрэт жьыугъэІэу апхуэдэ уэрэдщ ар. АтІэ сыт и хьыбар апхуэдиз щІыхь зытхьэкъуэ уэрэдым?

ГУГЪУЩ уэрэдым утепсэлъыхьыну абы зи гуащІэ хэзыІухьахэр щымыпсэужьми и деж. Илъэс зыбжанэкІэ узэІэбэкІыжмэ, мы уэрэдым и хьыбар зэхуэсхьэсыну яужь сыщицьам, япэ дыдэу зыхуэзгъэзауэ щытащ УФ-м щІыхь зиІэ и артистэ Дау Марианнэ. Сыту жьпІэмэ, ари Сэрмакъ къыщыхьуащ, уэрэдри нобэми егъэзащІэ.

Уэрэдым и псалъэхэр зытха Джатэжьокъуэ Бэчырэ теухуауэ жьыСІэфынур мащІэщ, ауэ абы макъамэ хуэзытха Ахъмэт Щэлэуат республикам и щэнхабзэр егъэфІэкІуэным, абы и гъуэзджэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІахэм. «Хэт ар?» жызыІэни кьыфхэкІынкІи хъунщ.

Ахъмэт Щэлэуат 1941 гъэм и мэлыжьыхь мазэм дзэм кьулыкъу щищІну ираджащ. Абы и гущхьэ кьэкІыртэкъым мазитІ нэхъ дэмыкІыу дуней ппор бэлыхь хэзыдза фашистхэр ди Хэкум кьытеуэну. Щэлэуат ящыщу ящІэ лыгъэм хьихьахэм, зауэм и хьэзаб псори зыгъэзащІ.

1946 гъэм ди лъахэм кьыщигъэзэжам Щэлэуат и бгъэм кьуэхьидыкІырт ЩІыхь орденым и 1, 2-нэ нагъыщэхэр, «Вагъуэ Плъыжь» орденыр, «Зэрихьа лЫгъэм папщІэ» медалыр, нэгъуэщІхэри.

Къэушащи нэхущ къуалэбзуэхэр,
СагъэпІащІэу си пІэри Іузох.

Е дахащэу дунейр щыщІэращІэм,
Сыщолъыхъуэр насып сэ уи деж.
И чэзур нэсащ кьызэпта пІалъэм,
ЛэгъэнщІэм тІури дыгъэкІуэж.



● Зы уэрэдым и хъыбар

И кьуажэгъуэр хуабжу иригушхуэрт абы и зэфІэкІым, бзэ куэд зэрищІэм икІи пщІэ лей хуащІырт. Творческэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІыу Сэрмакъ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм илъэс 41-кІэ щыпсэжащ Щэлэуат. А зэманым къызэригъэпэщауэ щыта струннэ оркестрым и цІэр жьыжьэ Іуат, Москва къыщыгъэнауэ, нэгъуэщІ къэралхэми щекІуэкІ зэпеуэхэм увыпІэ пэрытхэр къыщихьу апхуэдэт.

Ди жагъуэ зэрыхъуцІи, Ахъмэтыр дунейм ехьжа нэужь оркестрри абы дэкІуэдыжащ, ауэ сэрмакъдэсхэм гимн яхуэхуа «Сыщолъыхъуэ насып сэ уи деж» уэрэд цІэрыІуэр Балъкъыжь и дауд макъым пэджэжэ цІыхухэм я псэгъэтынщу бэм куэдрэ къазэрыдекІуэкІынум шэч хэлъкъым.

КІУНТІЫЩ - ХЬЭПЦІЭ Аннэ.

* * *

Гьатхэ жэщыр нэхъри щыхэкІуатэм,
Сэрмакъдэсхэр псори щэху жьхуж.
Сэ си закъуэу Балъкъ и Іэуэлъауэм
СыщІэдэІууу, пІэм сыхогъуэлъхьэж.

Зы сыхьэти жеин щыслъэмыкІкІэ,
Сыкъотэджри сокІуэр псым и деж.
Мы уэрэдыр уэ щызэхыумыыхкІэ,
Сэ аргуэру уэнэм сыкъэкІуэж.

● ЖыІэгъуэхэр

Сабийр зэхрагъэх бзэмкІэ мэпсалъэ

■Шэч зыгуэрым кьытепхьэнумэ, уи щхьэм и деж кьыщыщІэдзэ, ауэ фІымыдыж.
■Іуэхум и хэкІыпІэр кьэбгъэутыну ухуеймэ, щІэпщыпІэр гъэбыдэ.
■ПсапэхэущІэу пщІам кьыпэкІуэр дэрэжэгъуэу кьуитырщ.
■Аркъэм сыт кьыхэпхми, узыншагъэр хыболъхъэ.
■Зэ сымаджэгъуэм узэрыузынша псор пщегъэгъупщэж.
■Зыщ1э псор зыуатэм кьызэрыгурымыІуэІар Іупщ1щ.
■Узыпэр небэ-кьебэуэрэ, узыншэр кьытохуэ.
■Фадэр езыгъэлейр нэрыгъэу еубыд.
■Іэпкъпэпкъ пщыкІутІ уиІэрэ уимыІэрэ къомыуэу пщІэнукъым.
■Дзыгъуэр и шхыныгъуэмэ, джэдум сыт и лажьэ?
■Лъэужь хэпшрэ хьэмэрэ лъакъуампІэ кьызэбжэкІыу ара?
■Дерс кьыхэзыхьын мыхъумэ, кьызыхахьи щхьэкІэ кьанэІаркъым.
■КІий-гуоуныр ущиикІэм и джэрпэджэжщ.
■Сабийр зэхрагъэх бзэмкІэ мэпсалъэ.
■Фым долъыхъуэ, Іейм бакъыгъуэт.
Цыхум Іейри фІыри иІэщ, къеІыпхыфыр ууейщ.
■Дунейм и махуитІ зэхуэдэкъым - цІыхэри апхуэдэщ.
■Гумызагъэр гугъэнсэхущ.
■Дыгъу и ахъшэр къуагъырыбжэщ.
■ЗэІыхьащ жьыхуаІэм илъ и хьэл кьищтэжауэ аращ.
■Зыр зэрыпсалъэн бзэ, адрейм и жьэр зэриубыдыр щхьэ кьахуэтщ.
■ТхьэкІумэр сытым и деж зыгуэрым хуэдэгущ.

БЕЙТЫГЪУЭН
Сэфарбий.

● Гушыіэ

СыфщыукІытэри, зызгъэпщкІуат

Жэщ гуэрым Хъуэжэ и унэм хьунщІакІуитІ кьыщІыхьащ. Ахэр щилъагъум, Хъуэжэ шынэри гъуэлъыпІэ щІагъым щІэпщхьащ. ХъунщІакІуэхэм зэнэ зыкъыщапльхьри, кьадыгъуэ зыри щагъэтакъым, гъуэлъыпІэ щІагъым щыщІэплъэм, щтэІэщтаблэ хъуэуэ абы щІэс Хъуэжэ кьалъэгъуащ.

- Сліожь, ягъэщта джэдуужь хуэдэу уи нэр цІууэ мыбдежьым щхьэ ущІэс? - жиІэри хунщІакІуитІым я зыр кьыщІэкІиящ Хъуэжэ.

- Си унэм щІэфхэм зэрыщымыгъуэтынур сщІэрти, сыфщыукІытэри, зызгъэпщкІуащ, зиусхьэнхэ, - жиІэри, Хъуэжэ гъуэлъыпІэ лъабжьэм кьыщІэпщыжащ.

МАХУЭ Іэлисэхь.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Хьэ хьэжыгъэм кьыхэщІыкІа щІакхъуэ

Хьэ хьэжыгъэ ухуэнщІам и кур кьратхъу, абы пщагъэр, шыгъур зыхэшпсыхьа псы хуабэ иракІэ. Сэхуран дагъэ хакІэри, мыбыдэ Іейуэ тхъэвыр япщ. Тхъэвым хъыдан хьабзэ трапхэуэри, сыхьэтрэ ныкъуэкІэ хуабапІэм щагъэтщ, кьэтэджым щІхьэкІэ. ИтІанэ дагъэ зыщІыхуа тебэм тхъэвыр иралъхьэ, и щхьэфэр захуэ ящІри хьэкулъэкІэ ягъажьэ дакъикъэ 30 - 40 хуэдизкІэ. Хуабэу яшх. Шатэ, шху дашх, кьалмыкъ шей драф.

Халъхьэхэр: хьэ хьэжыгъэу - г 800, пщагъэу - г 40, псыуэ - г 350-рэ, сэхуран дагъэу - г 50, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

КІэртІофыщІэ кхъуейжьапхъэ лъэ кІыхь

КІэртІоф укъэбзар шыгъу хадзэри ягъавэ, псыр щІагъэжри зэрыпщтыру яуб, абы бжьыныщхьэ гъэлыбжьа халъхьэ, шатэ хакІэри мафІэм трагъэувэ. ЗэІащІэуэрэ зэ кьытрагъэкъуалъэ, итІанэ джэдыкІэ цІынэ уда халъхьэри, зэрызэІащІэм хуэдэурэ, дакъикъи 10 - 15-кІэ кьагъавэ. Абы иужькІэ кхъуей цІынэ упщІэта, шыгъуэ халъхьэ. МафІэ мыиным тету зэІащІэурэ дакъикъи 5 - 6-кІэ кьагъавэ.

Хьэзэыр хъуа кхъуейжьапхъэм джэдгьын хаудэ, шыуаныщхьэр трапІэжри пэшхьэжубгъэм трагъэувэ дакъикъи 5 - 6-кІэ, мэ дахэ кьыхихьи щхьэкІэ. Кхъуейжьапхъэр гъуэжьыфэу, тхъу кьыщІидзауэ, зэпыщу щытын хуейщ.

Пщтыру яшх, пІастэ, чыржьи, щІакхъуэ и гъусэу.

Халъхьэхэр *(цІыхуиц Іыхьэ):* кІэртІоф укъэбзауэ - г 400, шатэу - г 400, кхъуей цІынэу - г 50, джэдыкІэ ныкъуэ, тхъуэу - г 30, бжьын укъэбзауэ - г 20, шыбжий сыр хьэжауэ, шыгъуу, джэдгьыну - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьилъым кьитхьжащ.

Псалъэзэблэдз

Екіуэкіыу: **7**. Гъэм и зэман. **8**. Чым кьыхэщІыкІа матэ, бдзэжьей ирещэу. **9**. Япэ адыгэ щІэныгъэлІхэм ящыщщ. Абы и цІэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ. Абы и цІэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым. **10**. Уэс зэратхъу. **12**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз усакІуэ. **14**. Уафэ лъащІэм щызекІуэ ... гуэрэн. **16**. Дзыгъуэм и бий псэущхьэ дахэ цІыкІу. **17**. Щхьэхуимыту яІыгъ цІыху. **20**. Жэм мэжэІам и бу ... Іуэм кьиІукІащ. **21**. Гъущ быдэ лІэужьыгъуэ. **22**. Пасэм адыгэм абыкІэ я ущащхьэр ягъэбыдэрт. **24**. Лъэпщ и Іэмэпсымэ. **27**. Гъатхэм пасэу щІым кьыхэжь удз шакъафэ-кьащхьуафэ цІыкІу. А удзым теусыхьащ Щоджэнщыкіу Алий. **28**. Щхьэусыгъуэ гуэркІэ жьилэр зыбгьнауэ мэзым, кьуршым зыщцызыгъэпщкІу цІыху. **29**. Хадзэкэі. **32**. Гъэшхэі. **33**. ІэщІэвыщІэ. **34**. Адыгэ Іуэрыіуатэм узыщІар-хьэлІэ шы лъэрызехьэ: мэпсэлъэф, мэлъэтэф. **36**. Муслъымэн ... е чыристэн ... **37**. ЩыпсалъэкІэ зэІыпэ. **39**. Къэбэрдей тхакІуэ, усакІуэ, литературэм япэ лъэбакъуэ хэзыча щІалэгъуалэм я гъэсакІуэ. **40**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар нэм хуэдэщ. **41**. Беларуусым щыщ Къалэ-быдапІэ лІыхъыжь. **43**. Адыгей Республикэм и япэ президент ... Асльэн. **45**. Псыежьэхьи и адрей лъэныкъуэр. **46**. Къалэшхуэм щекІуэкІа ... зэхьэзэхуэм ди пелуан шалэхэр щытекІуащ. **48**. Щэдейрей ... нэхърэ нобэрей бзу.

Къэхуу: **1**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **2**. Гъунэгъум пІалъэ кІыхькІэ анэмэту кьыхуагъэна сабийр яхьумащ и ... налъэ хамыгъэхуу. **3**. Жыг ... **4**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщІу щыта ... Михаил. **5**. Дждкъазым, кьызлбзум ятет цІы щабэ. **6**. Адыгэ тауэрыхъэм хэт фызыжь бзаджэ. **11**. Бжьэпэ, щыхупІэ ехьпІэ задэ. **13**. Нарт Щэуей и адэр. **15**. Голландием и кьалащхьэ. **16**. Іуданэу зэхэщІа кІапсэ псыгъуэ цІыкІу. **18**. Ди къэралым щызекІуэ законхэр кьэзыщтэм зэреджэр Думэщ, Украинэм ейм-щэ? **19**. Америкэм щыщ къэрал, Германием и щІыналъэм нэхърэ 8-кІэ нэхъ ину. **23**. Зи нэхэм фІыуэ ямылъагъу. **24**. Пщы унаГъуэм (ди зэманым - цІыху къулейхэм) я ІуэхутхьэбзащІэ. **25**. Езыр мылъэтэфми, Іэзэу бадзэ къеубыд. **26**. Пхъэ сахуэ. **30**. Ди республикэм щыІэ псыежэх. **31**. «Мэрем пщыхьэщхьэм ... зэфІызощІэ, щэбэтыр къихьэм гъуэмылэ схуащІ» - Къардан Хьэсанэрэ Аксьэрэ Залымхъанрэ яуса «Бдзэжьеящэ» гушыІэ уэрэд цІэрыІуэм щыщщ. **35**. Пщэ гъум. **36**. Адыгэ композитор цІэрыІуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зрата. **38**. «Лъагъуныгъэр, си псэ, зэрыпсэ» - Тхьэбэсым Умар макъамэ зыщІилъхьа икІи игъэзащІэ уэрэдым щыщщ. Псалъэхэр зытхар Гъубжокъуэ Лиуанщ. **39**. Хугу хьэжыгъэм, тхъум, фошыгъум кьыхэщІыкІа адыгэ шхыныгъуэ. **42**. Ахърэтым кІуэжа цІыхум кьыпкърыупщІыхь «прокурор». **44**. Удым зэхэдзэ нэхърэ ... зэхэдзэ. **47**. Бын. **49**. Адыгэм яІа пасэрей хьыбарегъащІэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэхъуауэгъуэм и 25-ри ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **7**. ПщыхьэщІэ. **8**. Тхьэрыкъуэ. **10**. ХьэщІэщ. **12**. Уэс. **13**. Ныш. **15**. Мэш. **17**. Унагъуэ. **18**. Гущэ. **21**. Задэ. **22**. Гъубжэ. **24**. Бгъэ. **25**. Шхэпс. **27**. Чын. **29**. Гуэн. **31**. Бел. **32**. ХъумакІуэ. **35**. Хьэдрыхэ. **37**. Бемырзэ.

Къехьу: **1**. Пщы. **2**. Щхьэпс. **3**. ГъущІ. **4**. Кхъухь. **5**. Аркъэн. **6**. Акъужь. **9**. ПщІэгъуаІэ. **10**. Хьэлу. **11**. Щынэ. **12**. Уэм. **14**. Шхуэ. **16**. Шыбзыхъуэ. **18**. Гуэбэнэч. **19**. Гъудэ. **20**. Гъубж. **23**. БгъуэнщІагъ. **24**. Бэгу. **25**. Шыпхъу. **26**. Санэ. **28**. Нал. **30**. Нэкурэ. **31**. Батыр. **33**. Мэл. **34**. Бзу. **36**. Хы. **38**. Ер.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ кьуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщІэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 40-15-31; зыхьбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; къэбарымрэ - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ **Къанщокъуэ Эллэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дзІэныкъуэкІэ* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *суэрэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредаторэ щыІэ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №933